ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№8 (23.978) ● 2020 гъэм щІышылэм (январым) и 23, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Къэрал къулыкъущІапІэхэм

КІуэкІуэ Казбек хэтащ КъБР-м щыІэ МВД-м и коллегием и зэІущІэм

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек дыгъуасэ хэтащ Къэрал кІуэцІ Іуэхуэмкіэ министерствэу КъБР-м щыІэм и коллегием иригъэкІуэкІа зэІущІэм. Абы апхуэдэу кърихьэлІащ Урысей МВД-м экономикэ шынагъуэншагъэмрэ Іулъхьэм пэщІэтынымкІэ и управленэ нэхъыщхьэм и унафэщІ Курносенкэ Андрей, КъБР-м кьетэжщІыпІа федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ Мэкъуауэ Тимур, хабзэхъумэ, къарузехьэ органхэм я унафэщІхэр, КъБР-м щыІэ МВД-м и лэжьакІуэхэр, жылагъуэ, ветеран зэгухьэныгъэхэм я лЫкІуэхэр.

ЗэХУЭСЫМ щыхэплъэжащ ІэнатІэм хыхьэ къудамэхэм 2019 гъэм зэфІагъэкІахэм, илъэс дызыхьхьам къапэщыт къалэн нэхъыщхьэхэр зубзыхуащ. Къапщтэмэ, хэплъащ уголовнэ, экономикэ, Іулъхьэм, афияным екьэлІа щІэпхьаджагъэхэр къыщІэгъэщынымкІэ я лэжьыгъэм кърикІуахэм, къимыдзкІэ, КъБР-м щыІэ МВД-м и ГИБДД-м гъэзэгу-транспорт къэхъукъащІэхэм зэкІуэдахэм я бжыгъэр гъэмэщІэным хуэунэтІауэ зэфІигъэкІхэм.

Коллегием къыщыщыпсалъэм КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек къыхигъэщащ хабзэр къызэпызыдхэм я пІэщІэтыным, жылагъуэм зэпІэзэрытагъыр, шынагъуэншагъэр къыщыззгъэпэщыным хуэунэтІауэ щыналъэм къэрал кІуэцІ ІуэхуэмкІэ и къулыкъущІапІэм лэжьыгъэшхуэ зэрыригъэкІуэкІыр. Абы Іэмал кьет щІэпхьаджагъэ лІэужьыгъуэ куэдыр, псом япэрауэ, фочышкІэ, газкІэ уэ Іэщхэкэр къагъэсэбэпу ялэжьхэр, апхуэдэуи экстремизм, терроризм унэтІыныгъэ зиІэхэр, нэхъ мащІэ хъунымкІэ. А ехъулІэныгъэхэр къыдэкІуащ участковхэкэр, уголовнэ къэлъыхъуэныгъэ ІэнатІэм, нэгъуэщІ къудамэхэм я лэжьакІуэхэр я ІэнатІэм зэрегугъуам, апхуэдэуи МВД-р адрей и хабзэхъумэ къудамэхэмрэ республикэм и властымрэ быдэу япщІауэ зэрадэлэжьам.

Абы къыдэкІуэуи, къыхигъэщащ КъБР-м и Іэтащхьэм, министерствэм иІэ Іэмал псори нэсу кьигъэсэбэныркъым. Илъэсыщ Іэм кьалэн нэхъыщхьэу къэувэжьам ящыщу КІуэкІуэ Казбек къигъэлъэгъуащ шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным адэкІи нэхъ тегъэщІэн зэрыхуейр, щІэпхьаджагъэхэр къэмыгъэхъуныр, ялэжьахэр, абыхэм экономикэ ІэнатІэм щызэхащІыхьахэри хэту, къыщІэгъэщынымкІэ, бюджет ахъшэр зыхуэзэгъэпІам къыхуэгъэсэбэпа зэрыхъум кІэлъыплъынымкІэ. Щэч хэмылъу, гулъытэ щхьэхуэ зыхуэщІыпхъэхэм ящыщу кьонэжь Іулъхьэ зэІэпыхьыным пэщІэтынымкІэ, гъэзугухэм шынагъуэншагъэр къыщыззгъэпэщыныр, республикэм хабзэр щытепщэу щытынымкІэ.

ЩІыналъэм и Унафэщым КъБР-м щыІэ МВД-м и лэжьакІуэхэм фІыщІэ яхуищащ я лэжьыгъэфІым папщІэ иКІи илъэсыщІэми екъуІэныгъэщІэхэр яІэну ехъуэхъуащ.

Зыхэплъэж пІалъэм зэфІагъэкІахэр щызэпкърыхауэ зэІущІэм доклад щищІащ къэрал кІуэцІ Іуэхуэмкіэ министру Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ - полицэм и генерал-майор Павлов Василий.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхуэщ1апІэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек Урысей ФСИН-м и унафэщІ Калашников Александр хуэзащ

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек дыгъуасэ Налшык щыІущІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым лэжьыгъэ Іуэхуэкіэ къэкІуауэ щыІэ, УФ-м тезыр зытралъхьахэм егъэпшынысжынымкІэ и федеральнэ къулыкъум и унафэщІ Калашников Александр.

ЗэІущІэм щытепсэлъыхьащ щыналъэм и уголовнэ-гъэзэщІакІуэ ІэнатІэм и лэжьыгъэр зэкІэлъыгъэкІуэныкІэ, республикэм и къэрал властымрэ жылагъуэ Іуэхуэщ1апІэхэм я институтхэмрэ ядэлэжьэныкІэ щыІэ Іэмалхэм, апхуэдэуи хэплъащ тезыр зытралъхьахэр щаІыгъ щІыпІэхэр егъэфІэкІуэным, тутнакъэр иужькІэ гъащІэм хэзэгъэжьыным пыщІа къалэнхэм.

Урысей ФСИН-м и унафэщІым къыхигъэщащ щІыналъэм щыІэ я къудамэм илъэс кІуам лэжьыгъэфІ зэрИар икІи КъБР-м и Іэтащхьэм фІыщІэ къыхуищІащ властым и республикэ органхэм а Іуэхум я нэІэ зэрытрагъэтым, зэрадзэпкъым папщІэ.

КІуэкІуэ Казбек республикэм и уголовнэгъэзэщІакІуэ ІэнатІэм гулъытэ къызэрыхуащІым папщІэ фІыщІэ яхуищащ тезырхэр зытралъхьахэм егъэпшынысжынымкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и унафэщІхэм икІи Калашников А. П. и лэжьыгъэ гугъуэм ехъулІэныгъэхэр щиІэну ехъуэхъуащ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхуэщ1апІэ.

«2020 гъэм, 2021, 2022 гъэхэм я лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. «2020 гъэм, 2021, 2022 гъэхэм я лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым хэзыгъэкІ.
2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм хуегъэхьын, Іэ щІидзын икІи хэІущІыІу ищын папщІэ.
3. Мы Унафэм кьару егъуэт кьыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1 ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2019 гъэм дыгъэгъаазэм и 24-м
№80-П-П

«2019 гъэм, 2020, 2021 гъэхэм я лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым хуэгъэзауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. «2019 гъэм, 2020, 2021 гъэхэм я лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым къэщтэн.
2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм хуегъэхьын, Іэ щІидзын икІи хэІущІыІу ищын папщІэ.
3. Мы Унафэм кьару егъуэт кьыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1 ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2019 гъэм дыгъэгъаазэм и 24-м
№83-П-П

«2020 гъэм, 2021, 2022 гъэхэм я лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ФІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страхованэмкІэ и щІыналъэ фондым и бюджетым и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. «2020 гъэм, 2021, 2022 гъэхэм я лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ФІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страхованэмкІэ и щІыналъэ фондым и бюджетым и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым къэщтэн.
2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм хуегъэхьын, Іэ щІидзын икІи хэІущІыІу ищын папщІэ.
3. Мы Унафэм кьару егъуэт кьыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1 ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2019 гъэм дыгъэгъаазэм и 24-м
№84-П-П

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 Мусуков Алий иригъэкІуэкІащ гъуэгухэм шынагъуэншагъэр къыщыззгъэпэщыным хуэгъэпса комиссэм и зэхуэс

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Премьер-министр Мусуков Алий иджыблагъэ иригъэкІуэкІащ республикэм и Правительствэм и нэІэм щІэту лажьэ, гъуэгухэм шынагъуэншагъэр къыщыззгъэпэщыным хуэгъэпса комиссэм и зэхуэс.

ГЪУЭГУХЭМ шынагъуэншэу щызекІуэным теухуа Іуэхум ехьэлІауэ 2019 гъэм зэфІагъэкІахэр щызэпкърыха доклад нэхъыщхьэр ищу абы къыщыпсэльащ КъБР-м и МВД-м и УГИБДД-м и унафэщІым и кьалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ Кучмезов Д. М.

Республикэм, къыщыхагъэщащ зэІущІм, гъэзугтранспорт къэхъукъащІэ шынагъуэу 2019 гъэм къыщыхъуахэм я бжыгъэр процентти 4,7-кІэ нэхъ мащІэ хуауэ икІи процент 13,7-рэ хъуащ. «Гъэзугум шынагъуэншэу щызекІуэн» федеральнэ проектым щыубзыхуа мардэхэм нэсыни яхуэзфІэкІащ. Апхуэдэу, блэкІа илъэсым гъэзу къэхъукъащІэхэм зэкІуэдахэм я бжыгъэр процентти 10,2-кІэ нэхъ мащІэщ. Апхуэдэу щытми, автомобиль зэжьэхэуэхэм лъэсырызекІуэхэу зэкІуэдахэм я бжыгъэр процентти 6,7-кІэ нэхъыбэ хъуащ.

Автомобиль зэжьэхэуэхэм я бжыгъэм хамыгъэхъуэныр щахуэзфІэкІащ республикэм и Дзэлыкъуэ, Лэскэн щыналъэхэм. Щытыкіэр щынэхъ гугъуэхэм ящыщщ Бахъсэн, Налшык кьалэхэр, Іуащьхэмахуэ, Аруан, Шэрэдж, Прохладнэ, Май, Тэрч щыналъэхэр.

Гъэзугум къыщыхъу транспорт зэжьэхэуэхэм сабийхэр хэмыхуэнымкІэ, абыхэм фэбжь хамыхьнымкІэ сэбэныщхуэ хъу Іуэхуэм ящыщу къагъалъэгъуащ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Іуэхущ1апІэхэм, школакІуэхэмрэ ныбжьыщІэхэмрэ щызэхэщІ щытыпІэхэм хъыбарегъащІэгурыгъэІуэныгъэ компаниехэр зэрыщрагъэкІуэкІыр, щыкІуэхэм зэрепсэльылІэр. Лъэс зекІуапІэхэр, зэпрыкІыпІэхэр егъэфІэкІуэным хуэгъэза лэжьыгъэм адэкІи пыщэн хуейщ, иджырей Іэмалыщ1эхэр къэгъэсэбэпауэ, а Іуэхум къэрал властым и органхэмрэ хъыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэмри нэхъ быдзэ зэпыщІауэ хэтыними мыхьэнэ щхьэхуэ етыпхъащ, - кьыхихгъащащ Мусуков Алий.

Гулъытэ нэхъыбэ хуащІащ гузэвэгуэу хэхуа щыхум япэ медицинэ дэІэпыкъуныгъэр икІэщІипІэкІэ игъуэтыныр кьызэгъэпэщыным пыщІа Іуэхум. «ДэІэпыкъуэгъу псынщІэмрэ къэхъукъащІэ кьызэрымыкІуэ кьыщыхъуам деж абы хэхуахэм медицинэ Іуэхутхьэбзэ яхуэзыщІэ кьудамэмрэ адэкІи зэкъуэту лажьэным Іэмал кьутынчущ гъуэгухэм гузэвэгъуэ кьызыщІылъсасхэм и чэзум сэбэн яхуэхъуныкІэ. Апхуэдэ щытыкІэ ихуахэр кьеГъэлныкІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ «дыщэм пальэт зы сыхьэт» жьхуэІэ хабзэм - абы къриубыдэущ уІэгъэ хьэлъэ зыгъуэтахэм я процент 89-р кърагъэлын щахуэзфІэкІыр», - кьыхихгъащащ КъБР-м узынщагъэр хъумэныкІэ и министр Къэлбэтэ Рустам.

ЗэІущІэм кьыщагъэлъэгъуа ныкъусаныгъэхэмрэ жэрдэмхэмрэ кьыхэлъытауэ зыхуэфащэ министерствэхэмрэ ІэнатІэхэмрэ я унафэщІхэм кьыхалъхьащ къэхъукъащІэ кьыщыхъункІэ нэхъ щынагъуэу щыт щІыпІэхэм щылажьэ гъуэгу плъырхэм я кьалэнхэр нэсу зэфІакъыныкІэ кьахуэщхьэпэну кьалъытэ Іэмалхэр, апхуэдэуи щыІэ мардэм ебакъуэхэр нАуэ я къэзыщІ Іэмэпсымэхэр зыхуэфащэ щІыпІэхэм дежи щагъэувыну, гъуэгум зэрыщызекІуэ хабзэхэр зэращІэр, автомобиль зегъэкІуэкІэр къпэщытэным хуэфащэ гулъитэ хуащІыну, гъуэгу хабзэхэм тетыным хуэзыщуий роликхэр республикэм и телеканалхэмкІэ кьатыным я нэІэ трагъэтыну зэгурыІуащ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхуэщ1апІэ.

● Хъыбар гуапэ

«Театрхэм я уардэунэм» и ухуэныгъэр нагъэсын папщІэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым федеральнэ бюджетым щыщу сом мелуан 750-м щІигъу къратынущ, Налшык щащІ «Театрхэм я уардэунэр» и кІэм нагъэсын папщІэ.

УРЫСЕЙ Федерацэм и Президент Путин Владимир 2019 гъэм щэкІуэгъуэм и 29-м Налшык щригъэкІуэкІауэ щыташ Лъэпкъ зэхущытыкІэхэмкІэ советым и зэІущІэ. Абы зыщытепсэлъыхьа Іуэхуэр зэфІэгъэкІыным хуэунэтІа пщэрылъ пыухыкІахэр щищІ унафэм Іэ тридзащ къэралым и Унафэщ1ым.

Путин Владимир Урысейм Финансхэмкіэ и министерствэм къалэн щищІащ федеральнэ бюджетым щыщу 2020 гъэм сом мелуан 279,0-рэ, 2021 гъэм сом мелуан 479,6-рэ УФ-м Цэнхабзэмкіэ и министерствэм хуиутІыпщыну, Налшык щащІ «Театрхэм я уардэунэр» яухыным трагъэкІуэдэн папщІэ. Пщэрылъыр щызэфІагъэкІын хуей пІалъэу 2020 гъэм и гъатхэпэм и 1-р яхуиГэуващ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхуэщ1апІэ.

Нобэрэ пщэдейрэ

ЩІышылэм и 23, *махуэку*

♦ІэкІэ тхэнчи и дунейпсо махуэщ. Абы Хъэтіым и махуэкІи иоджэ.

♦Китайм щагъэлъапІэ хуитыныгъэм и махуэр

♦1556 гъэм Китайм и Шаньси провинцэм щІыр щыхъеящ икІи а гуэзвэгъуэм напІэзыпІэм хэкІуэдащ цІыху мин 830-рэ. Дуней къэхъукъащІэм и зэранкІэ апхуэдиз цІыху зэуэ щыхэкІуэда иджыри кьэс къэхъуакъым.

♦1849 гъэм Нью-Йорк штатым дунейм щыяпэу дохутырым и дипломыр иратащ цІыхубзым. Ар Инджылызым къыщалъхуа, иужькІэ США-р псэупІэ зыхуэхъуа Блэквелл Элизабетт.

♦1881 гъэм Москва и Театр иным япэу щагъэлъэгъуащ Чайковский Пётр и «Евгений Онегин» оперэр.

♦1895 гъэм цІыхум и лъэр япэ дыдэу Антарктидэм теуваш. Ахэр Норвегием щыщт - «Антарктик» бдзэжьеящэ кхуэфыкІ исахэрщ.

♦1912 гъэм Гаагэ Іэ щытрадзащ афиянхэкІхэр зэрызэрахьэм кІэлъыплъыным теухуа дунейпсо зэгурыІуэныгъэм.

♦1916 гъэм США-м хьыхьэ Монтанэ штатым дуней щытыкІэм зыІэзыбжьэу зыщихъуэжьи, хуабэу щыта гРадуси 7-р щІыІэу гРадус 49-м хуэкІуат. Апхуэдэ дунейм зэи къыщыхъуакъым.

♦1924 гъэм Ленин (Ульянов) Владимир и Мавзолей Москва щыхуэным теуха унафэ къащтащ.

♦1944 гъэм СССР-м ЗыхъумэжьныгъэмкІэ къэрал комитетым унафэ къищтащ Т-34-85 танк лІэужьыгъуэщІэр Дзэ Плъыжьым и Іэщхэхэм хагъахьэныр зэрахуауэ.

♦1950 гъэм Израиым и къалащхьэу къалъытащ Иерусалим.

♦Франджы тхакІуэ цІэрыІуэ **Стендаль** (и цІэ дыдэр **Мари-Анри Бейлщ**) къызэралъхуэр илъэс 237-рэ ирокъу.

♦Совет кинорежиссёр, актёр, СССР-м и цІыхубэ артист, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь **Александров Григорий** (и унэцІэ дыдэр **Мормоненкэщ**) къызэралъхуэр илъэси 117-рэ ирокъу.

♦ТхакІуэ, тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, КъБР-м и Къэрал саугъэтыр тІэунейрэ зыхуагъэфащэ **МафІэдз Сэрэбий** къызэралъхуэр илъэс 85-рэ ирокъу.

♦Урысей физик цІэрыІуэ, академик, РАН-м и учфэщІу щыта **Фортов Владимир** и ныжьыр илъэс 74-рэ ирокъу

♦Урысей актёр, кискадёр, жылагъуэ лэжьакІуэ, УФ-м щІыхь зиІэ и артист **Иншаков Александр** и ныжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уфаУэ щыщытынущ, пІалъэпІалъэкІэрэ уэс къесынущ. Махуэм хуабэр градуси 2 - 5, жэщым щыІэр градуси 4 - 2 щыхъунущ.

ЩІышылэм и 24, *мэрем*

♦Эскимо морожнэ лІэужьыгъуэм и дунейпсо махуэщ. США-м щыщ Онавэ кьалэм щыпсэу, тыкуэн цІыкІу зыгъэлажьэ Нельсон Христиан а Іэфыкіэ лІэужьыгъуэр къызэригупсысам щыхьэт техуэ тхьилъыр 1922 гъэм къратыжауэ щытащ.

♦1606 гъэм Испаниием и кьалащхьэр Вальядолид ирахри, Мадрид яхьауэ щытащ.

♦1931 гъэм «Ромэн» цыджан театрыр къызэрагъэпэщащ.

♦1966 гъэм Индием и «Боинг 707» кхъухьлъатэр, Бомбей - Дели - Бейрут - Женевэ - Лондон гъуэгуанэр зэпичу уэгум иту жьхэхуащ Монблан бгым. А насыпыншагъэм хэкІуэдат цІыхуи 117-рэ.

♦Урыс сурэтыщІ цІэрыІуэ **Суриков Василий** къызэралъхуэр илъэси 172-рэ ирокъу.

♦Урыс бзэщІэныгъэлІ, СССР-м щІэныгъэхэмкІэ и академием и член-корреспондент, псалъэ мин 90-м щІигъум я мыхьэнэр къыщыгъэлъэгъуа псалъалъэ цІэрыІуэр къыдэзыгъэкІа **Ушаков Дмитрий** къызэралъхуэр илъэси 147-рэ ирокъу.

♦Совет кинорежиссёр, егъэджакІуэ, фильмхэм я сценарийхэри зытхыу щыта, СССР-м и цІыхубэ артист **Ромм Михаил** къызэралъхуэр илъэси 119-рэ ирокъу.

♦Совет тхакІуэ, драматург, Армавир кьалэм щІыхь зиІэ и цІыху **Дангулов Саввэ** къызэралъхуэр илъэси 107-рэ ирокъу.

♦Полковник, жылагъуэ лэжьакІуэу щыта, КъБР-м и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфащэ **Джэтауэ Хьэмыщ** къызэралъхуэр илъэс 88-рэ ирокъу.

♦Тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессору щыта **Бетрожь Руслан** къызэралъхуэр илъэс 78-рэ ирокъу.

♦Хъэрэджыакіуэ, РСФСР-м щІыхь зиІэ и артист **Ободзинский Валерий** къызэралъхуэр илъэс 78-рэ ирокъу.

♦Биологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, къэрал лэжьакІуэ **ЩІыхьмырзэ Мухьэмэд** и ныжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.

♦Музыкант, дирижёр, СССР-м и цІыхубэ артист, Совет Союзым и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфащэ **Башмет Юрий** и ныжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уфаУэ щыщытынуц, уэс къыщесынущ. ЩІыІэр махуэм градуси 3 - 2, жэщым градуси 10 - 9 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іуэщыгъэ:

Фыз улъыхъумэ, благъи дэлъыхъуэ.

«Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьхэм захудогъаз

2020 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм щІыхухэм яІэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ щыщІадз зэманыр иухащ.

«Адыгэ псалъэ» газетыр зыІэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащІэ: мазаем къыщыщІэдзауэ ар къевгъэхьын папщІэ Іэ щыщІэвдз хъунущ Урысей пощтым и дэтхэнэ Іуэхущ1апІэмэ.

Мази 5-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэр сом 580-рэ кІэпІейкІэ 25-рэщ.

Ди индексыр П 5894

75

Полкым и къуэ

Нэхулъэр къызэкІэщІитхъыу, жэщым къепца жьыр теужри, мэзыр щым хъужат. Уэс хьэщхьэтеуэр къызэщэщха жьгхэр нэхъ Іэпщіэпщіэу къупфІэщІырт. Аэри умззэхат. Лъэужьхэр уэсым исеижати, щІымахуэ мэзым щІыхупсэ щІымыдмыжми ярейт.

АУЭ АБЫ игъэпщкІурт цІыху куэд. Зэуэ мэзыр къагъэпсэльащ абыхэм я Іэуэльауэм.

Жэщым щІыунэм щыщхьэукъуэ зауэлІхэм пщэдджьжьышхэм щІадзэ. Бжьэ къэпщІам хуэдэу зэрызехьэу, абыхэм къаувыхь «къэзыкІухь» пщэфІапІэр. Бахъэр къызыщхьэщих шхынигъуэр егъэш теуваПІэм къытет пщафІэ щІалэшхуэм. Ар пащдж, пэтІинэщ, и нэкІущхьэхэр тхъуэплъщ. Зэрыжумартри фэуэ тетщ. «Фымыбэлэрыгъыу сІыдх!... Іыхьэ тІурытІ фызот. Фымыгузавэ, къыдэхуэжьынущ».

Сэлэтхэри пщафІэм поджэж: «Гъэбэяу уи жьэри, гъэлажьэ уи Іэр!», «Зэгъэзахуэ, Вася, жалэм уемыдэІуащэу», «Мыбы си кІэтІиф кІапэр игъэбыдэну къудейщ, си ныбэр къэзыгъэхуэбэн дэнэ къикІынт?»... «Уэрэ апхуэдэ ныбэ зумыхьэ, ду нэщІ хуэдиз хъуэ...», «Уэри укъыскІэщІамыпІаскІуэ, уэ пхуэдитІ сохъу сэ!», «Уа, зэрыназэ мы нэмыцщэ, сэ къызэуэ и гуГъэжу, си шынакъыр къыскъуиугъуэнащ. Вася, зы шынакъ хьэху къызэт», «Уэстынукъым. Сэ шынакъ сщІыркъым - иджы ещанэ узот», «Ещанэ узот» жьпІа? Къащтэ, афІэкІа зы фашист къезгъэуэжынкъым», «Е, зинэкІа къалъхуа, си лъэдакъэм текІи гъуэгум теувэ»...

А псом щІздэІуу, гупым яхьихьэн и дзэр шыуэ лъэныкъэкІэ къыщытщ сэлэт фащэ хуэбжьыр эщыгъ щІалэщІэ гуэр. Зи щыгъынхэр зэхэуфІея, зэхэчэтхъа зауэлІхэм ар къахоущ щыгъ псори зэрыщІэрыпсымкІэ, и шынакъыр зэрызэщІэуІуэмкІэ... Ар пщэдджьжьышхэм хэкІыжьыну къыщІэкІынт, сержант гуэрым гу къыльымытамэ.

- Уэ мыбдеж щхьэ ущыт, къуэш щІыкІу, - жиІащ абы. - КІуэи, уи Іыхьэ къаХуд. А-а, уоукІытэ. КъакІуэ мыдэ... Ей, Вася, чэзу-мэзу хэмыту мы ди къуэш щІыкІым къыхуигъахъэт.

ЗауэлІхэр зэлъыуІуокІуэт. А ныбжьыщІэр полкым хуэ3 ищІащ, я бын пэлъытэщ. Зэхъурджьуэн, зэдамэнкъуэн щагъэт: щІалэ щІыкІум щапхъэфІрэ нэмысрэщ егъэльагъун хуейр. Зигухэр фэжьІужь хъужа сэлэт пхъашэхэм щэхуу яхъумэ гурыщІэ нэхухэр, къызэрыщІэкІымкІэ, яфІэкІуэдатэкъым. Зэуэ Іэрпхъэуэр къэхъуауэ, ахэр зэрохьэжьэ хэт и хъуржьныр къитІэщІу, хэт ныбжьыщІэр зытетІысхьэн пхъэ лъэдакъэжь къиплъэфу, хэти Іэнэм ещхь гуэр иууэу... ГъэтІылъытІэ гуэрхэри къызыкъуахьыжащи, лы гъэва зэрыльэ дзэку банкІыр хуІуах, щІыдэр и жьыпхэм из хуащІ, нэмыцэ къуентхъыу яІыгъа шоколадыр къыхуэзкІуэщІах: «Мэ, егъэмэрэкІуэх».

ЩІалэ цІыкІум и гурыІупсыр ирегъэх, ауэ ІэфкьыкІэр яІихьи идэркъым:

- Ар фашистщ зыщІыр - сыхуейкъым.

- Уэл, - жи шоколадыр зыІыгъам. - Сэ абы сегупсысакъым... Афэрым! Уэ-хуэщ. ІэфкьыкІэ зыфІэфыр Васящи, абы естынщ. Си Іуэхущ «нэмыцэ щІэинщ» жиІэу къигъанэмэ.

Щымэзокъуэ Борис къетІысхьэкІауэ зауэлІхэр машхэри зэхэсщ. Абы къеплъурэ, языныкъыуэхэм я нэпсыр яльэщІ: я унагъуэхэр ягу къокІыж... Къадзхуэр сэлэт ныбжьыщІэм и хъуржьным щыфІралъхьэм, къаІэщІэхутащ ГъущІ кІапэ гуэр. Кърахрэ еплъмэ - зэщІэлъыкІарэ зэщІэлыдзэжу къамэ бэлыхь.

- Мыр сыт, Борис?

- Адэшхуэм и къамэщ, - лагэу жэуап етыж щІалэ щІыкІыр, итІанэ, куууэ мэщатэри, къышІегъу:

- Зы фашист къыспэщІэхуакъым иджыри... И дунейр кІыфІ хуэсщІынт мыбыкІэ... Командирым зауэм сыІуигъэхьэрхьэм.

- Командирым и унафэм утепсэлъыхьыжыну къезэгъыркъым, Борис. Уэ усэлэтщ, хабзэр пщІэн хуейщ, - жраІэ абы зауэлІхэм.

ГубгъэжьмкІэ къыщыфиящ топышэхэр, пулемётышэхэр. Абыхэм мэз лъэпэмкІэ уэс «Іамбатэхэр» къыщызэщІаІэтэ. Сэлэтхэр мэз лъапэмкІэ зэрехьэжьащ.

Командирыр къыщыІухьэнум пэплъэу Борис зеІэжьэ. Ар мэз гъунэм дежи и закъуэпцІийуэ щытщ, и нэ плащэ къэнэщхъеяхэмкІэ япэкІэ плъэуэ. «Дотэ, дэнэ ущыІэ? - къэІуэщащ ар. - Мами сиЖжькъым»...

КъэпІыщІэри, ар дэлъейуэ хуежьащ, и Іэхэр зэрригъэІуэту. Йоззэри пхъэдакъэм тотІысхьэж. ЩІыІэ зэрыхудихуара, зэуэхуабапІэ щІыпІэм и гур мэпхъэр. Ар Москва ирашьжурэ гъэмахуэ къэс здашэжу щыта и куэжьжьырщ - КъулъкъужьынщІ. Драхьеймэ, ГъущІэу, кърахьэхмэ, щІытэу Іыхьлыхэм, гъунэгъуэм къагъэльапІэрт. ФІыуэ илъагъу кхъуейжьапхъэмрэ шхумрэ ирикъуху ишхауэ уэрамым къыдэжьырти, псынэпц цІыкІум архъуанэшхуэ щищІ щІыпІэм жэрт. Ныбжьэгъу къыхэхъуа Хьжьдаути, Къари, ЧыцІи, Къасболэти къыпэплъэу ярихьалІэрти, зыбгъэпскІынумэ, кхьеблагъэ! ФІыуэ загъэщІыІэтыІа, есынкІэ зэпеуа ноужь, пшахъуэ пщтырыбзэм зыхадзэрт. Дыгъэри гуапэу щІыфэм еубзэрт.

Ар зигу къэкІыжа сэлэт цІыкІур «хьы!» жери къыходыхьэшхыкІ. Борис къыщохьу абы лъандэрэ илъэс мин дэкІауэ.

Къэбэрдейм къикІыжу Москва къэкІуэжа ноужь, и классэгъуэм къыкІэхьабарыжьрт здэщІыам щІалъэгъуаэхэр. Псори кхъэъуапсэу къедаІуэу зэрыщыта нэгъунэ иджыпсту и нэгу къыщІоувэж...

И адэ БетІал зэ3эмызэ Борис къеупщІырт:

- Ущыпсэуну дэнэ нэхъ къапщтэрэ? Къыхихынур имыщІэу куэдрэ гупсысэрти, жэуап итыжырт:

- Абыи мыбыи.

Зэми и адэм кІэрыхъыжьэнт:

- Папэ, уи Іыхьлыхэр къэбгъанэу мыбы щхэ уукъэкІуа?

- Уи мамэ сыкъидыгъуащ, - дыхьэшхырт БетІал.

- Мамэ, удыгъуэну фІыкъым, апхуэдэу щхьэ пщІа? - зыхуигъаэзэрт и анэм.

Ар ягу кІэрыхьэ гупым ар яхэхуащ. БетІал щІотІысхьэ КъуэкІыпІэ лъэпкъхэм я коммунист еджапІэ нэхъыщІхэм. ЩІалэ гурыхуэм ар фІы дыдэу къеух. Ауэ абыкІи къызэтеувыІэркъым. А лъэхъэнэм щытхъушхуэ иІэт Плехановым и цІэкІэ щыІэ институтым. Къэрал Іэхуэ зехьэным щыхурагъаджэрт абы. Шымэзокъуэм ари къеух. БетІал щытхъу иІэт, еджагъэшхуэ хъуну къытраІуэрт. Ар Москва къыдаНэ, жылагъуэ щІэныгъэхэмкІэ академием щыІэжьэну. Зауэр къэхъеихуэри абы егъэджакІуэу щыІащ.

Апхуэдэ щІыхуэхр фронтым имыгъакІуэу къэралым ихъумэрт. Ауэ БетІал и псэм хутегъахуэкъым и Хэкум шынагъуэ къыщхьэщыхьауэ, езыр тхъэуэ-шхэуэ Москва дэсыну.

Хахуэу, псэемыблэжу ар щызэуащ Ленинград деж. ЛІыгъэ зэрызэрихьам папщІи къыхуагъэфэщащ орденхэмрэ медалхэмрэ. Ауэ бийм къихухьуреихьа къэлэр щихъумэжьым и унагъуэмкІэ гукъыхэщт иІэтэкъым: ар фІыуэ щыгъуазэт фашистхэр Москва зэрыдамыгъэхьэнум. АтІэ абы дэнэ щищІэнт и щхьэгъусэр зэрымыпсэужыр? Апхуэдэу БетІал щыгъуазэтэкъым и щІалэ цІыкІур зеиншэу къызэрынам, ар полкым и къуэ зэрыхъуам.

КъызыхэкІа лъэпкъым и фэеплъ къамэр къищтэри, Борис яхьихьащ Москва зыхъумэжхэм. Дауи, а ІэщщмкІэ абы зыгуэр ищІэну и мурадт. И кІыр дыжьынрэ налкъут мыщІэхэр хэгъэтІысхьэжауэ, ар сыт хуэдэ къамэт езыр! Къыпхмэ, нуру дыгъэм пэлъдырт...

Адыгэ щІыхьыр, напэр ирахъумэжу, зы ПІакъыщ къыІэщІэкІмэ, адрейм Іэрыхьэу ар илъэс куэдкІэ къэгъуэгурыкІуат. Иджы хуэдэ зэманхэм дежт ар къыщащтэр...

Ауэ Борис къыхуихуакъым абыкІэ батэ игъэшыну. Сэлэт ящІати, командирым емыдаІуэу хъуртэкъым. Командирым, нышэдибэ хуэдэу, ар гъунэгъуу зауэм къыщыІуигъэхьэр зэ3эмызэххэт... Абы и закъуэ? Къулыкъу зэрищІэм хуэдэу, пщыхьэщІыкІэ школым щеджэну къыхуигъэувати, емыджэу хъуртэкъым...

Зауэ нэужьым Шымэзокъуэ Борис щІотІысхьэ кхъухьлъатэ Іэхэр щрагъащІэ еджапІэм. Ар къеухри, Шымэзокъуэм и къулыкъу Іэхэм щІедзэ. Борис илъэс куэдкІэ лэжьащ кхъухьлъатэ гупым и штурману. А лъэхъэнэм офицер щІалэм зыкъигъэльэгъуащ зыпэрыт Іэнатіэм зэфІэкІышхуэ щиІэу. Кхъухьлъатэхэм хэлъ пкъыгъуэ гуэрхэр егъэфІэкІуэным, зэрызэпсалъэ Іэмэпсымэхэм нэхъыфІу ириязэхпх, нэхъ жьжьэ урипсалъэ щІыным текуэрауэ Шымэзокъуэм Іэджэ къигупсысырт. ИщІэри фІэмащІэт, и щІэныгъэми арэзы текъуэжьыр-тэкъым. Арати, Борис щІотІысхьэ связымкІэ щыІэ академием.

ІузхуэгъуэщІэ куэд зэгъэщІэн, джын хуейт. Адыгэ щІалэми лъэкІ кІыгъанэртэкъым. СвязымкІэ щІэуэ къэунэху псоми щыгъуазэ зищІырт.

Зыхуеджа Іуэхур фІы дыдэу зриГъащІауэ, абы академиер къеух. Хуеямэ, Москва къыдэнэжьфынут, ауэ езым идакъым, армэм къулыкъу щищІэмэ нэхъ къишэтащ. Дзэм ар хуабжьу къыщысэбэнащ, абы и пэкІэ ямыгъэунэхуа, «иджырей» зауэм нэхъ сэбэп хуэхъунухэр Іуэхум ирихьлащ. Дэнэ ягъэкІуами, ар емызэшІжт, щІэр пхигъэкІыным хущІэкъурт.

Илъэс зыбжанэкІэ Шымэзокъуэ Борис Европэм къулыкъу щещІэ, ди дзэр зэрызэпыщІа щыкІэхэр игъэфІакІуэ.

1977 гъэм ар генерал-майор мэхъу.

Хэкур и бын нэхъыфІхэр зэригъэпажэу щыІэ псомкІи Шымэзокъуэми къыхуэупсащ. Абы къратащ орденхэмрэ медалхэмрэ, щІыхь тхылъхэмрэ саугъэт лъапІэхэмрэ. Къэралым абы дзыхь къыхуищІат къулыкъушхуэ. Борис СССР-м ІэщщкІэ ЗэщІэузэда и Къарухэм я Генеральнэ штабым щылэжьащ, Афганистаным щызэуащ.

Ауэ генералым и ІэщщІэр щІэхыу къызэпычащ. Шымэзокъуэ Борис 1985 гъэм дунейм ехьжащ.

Ноби ар яГу ихужьырыкъым абы къулыкъ къыдэзыщІахэм. Борис фІыкІэ ягу къыщІагъэкІыж Къэбэрдей-Балъкэрми. Ар ди республикэм къэдрэ къэкІуэжу, гуащІэрыпсэухэм я Іуэхущ Іафэхэм щыгугфІыкІыу щытащ. Оращ и хэкуэгъуэхми абы и фэеплъыр щІагъэльапІэр.

ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд,
УФ-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ.

● Ди сурэт гъэтІылъыгъэхэр

КъБАССР-м и егъэджакІуэхэм я зэІущІэшхуэм Щоджэнцыкіу Алий хэтщ. *(Щысхэм ижьымкІэ ещанэщ, ятэр* **Кулиев Къайсынщ**). *Налшык, 1940 гъэ*

● Узыншагъэ

Дохутыр 69-рэ ІэнатІэкІэ къызэрагъэпэщащ

КъБР-м Узыншагъэр хъумэныкІэ и министерствэм «Къуажэ дохутыр» программэр зэрагъэзэщІар щыщапщытэж зэІущІэ щекІуэкІащ. 2019 гъэм республикэм и район сымаджэщхэм дохутыр 69-м лэжьэн щыщІадзащ. Дэтхэнэ ІэщщагъэлІми сом мелуан ираташ, къэкІуэну илъэситхум ахэр къуажэм дэт медицинэ Іуэхущ Іапі Іэхэм щылэжьэн папщІэ.

ПРОГРАММЭМ и фІыгъэкІэ республикэм и щІыналъэ куэдыр къызэгъэпэща хъуащ зыхуэныкъуэ ІэщщагъэлІхэмкІэ: терапевт, сабий дохутыр, хирург, анестезиолог-реаниматолог, невролог, офталЬмолог, психиатр-нарколог, рентгенолог, уролог, эндокринолог, узыфэ зэрыщІалэхэм еІэзэ, УЗИ зыщІ дохутырхэр, нэгъуэщІхэри. ШэджэмШэрэдж, Май, Іуащьэмахуэ район сымаджэщхэм Іэщщагъэлі нэхъыбэм Іэнатіэ къыщагъэтащ.

2020 гъэм ди республикэм «Къуажэ дохутыр» программэмкІэ Іэщщагъэлі 20-м Іэнатіэ щызрагъэгъуэтыфынущ. Программэм лэжьэн зэрыщІидзэрэ абы хэтащ къуажэ дохутыр 220-м щІигъу.

- «Къуажэ дохутыр» программэм и фІыгъэкІэ цІыхухэм япэ дэІэпыкъуныгъэ щагъуэт Іэнатіэр зыхуэныкъуэ ІэщщагъэлхэмкІэ мыІейуэ къызэгъэпэща хъуащ, ауэ а Іуэхур адэкІи зэредгъэфІэкІуэным дыхущІэкъунухэащ. Узыншагъэр хъумэныкІэ Іэнатіэхэу къуажэхэм щыІэхэм унэтІныгъэ хэхакІэ ирагъаджэ Іэщщагъэлхэр зэрагъэхъэзырым, медицинэм и лэжьакІуэхэм я улахуэр зэрыратым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн хуейщ. ЦІыхухэм япэ медицинэ дэІэпыкъуныгъэ щагъуэт Іэнатіэм зэрызедгъэужьынум теухуа программэ щхьэхуэр 2020 гъэм зэхэтпхъэнущ. Абы къызэщІиубыдэнущ 254 пщІондэ дыззэрылажьэнур, - жиІащ КъБР-м узыншагъэр хъумэныкІэ и министр Къалэбэтэ Рустам.

ТХЪЭХУЩЫНЭ Ланэ.

Бзухэм я дахагъэр

● Гъэлъэгъуэныгъэ

СурэтыщІ гъуэзджэкІэ **муэйм, Ткаченкэ Андрей и цІэр зезыхьэм, гъэлъэгъуэныгъэ гъэщІэгъуэн къыщыдзэІуахащ. Журт Хьэсэн триха сурэтхэращ абы утыку къыщрахьар. Ди республикэм зэрыщыпхьалІэ бзу лІэужьыгъуэу щитІ къыщыдыгащ. Абы и гъэпсыкІэ зэрыщІыгъ.**

ЖУРТ Хьэсэн КъБКъУ-м и математикэ факультетыр къиухащ, Урысейм и Федеральнэ налог Іуэхущ Іапі Іэм КъБР-м щиІэ и Іэнатіэм хъыбарегъащІэ Іэмалхэм кІэи къудамэм и унафэщІщ. Сурэт техыным 2006 гъэ лъандэрэ дехьэх, дыкъэзыухъуреихь дунеймрэ щІыІуэпсымрэ я дахагъэращ нэхьыбэу зыІэпызыщэри. Абы и гъэпсэгъуэныгъэхэр Налшыки (2008, 2011 гъгъ.) Пятигорск кьалэми (2011, 2012 гъгъ.) щыІащ, сурэттеххэм я «Свой стиль» клубым илъэс къэс къызэрагъэпэщ гъэпсэгъуэныгъэхэм 2008 гъэм щежьжьауэ хэтщ. «Best of Russia» («Урысейм и сурэт нэхъыфІхэр») зэхьэзэхуэм и сурэтитІ 2013 гъэм, 2014 гъэм - и зы сурэт нэхъыфІу къыщалъытащ. Хьэсэн орнитологием (бзухэр зыдж щІэныгъэ) дехьэх, фотобёрдингым (бзухэм сурэт техыным) 2012 гъэ лъандэрэ иужь итщ. 2016 гъэм абы къыдиІэкІащ «Птицы Кавказа. Кабардино-Балкария» зыфІищащ сурэт альбом. 2012 гъэм къыщыщІэдзауэ Хьэсэн бзу лІэужьыгъуэу 217-м сурэт ятрихащ, абыхэм ящыщу 13-р КъБР-м зэрыщыІэр япэу зыкІуэ щыщІар Журтыращ.

Муэйм и пэшым уэзрыщІыхьэу нэм къыуидзэр уи фІэщ пхуэмыщІыным хуэдизщ. Абы бзу зэмылІэужьыгъуэу, нэхъ щІыкІу дыдэхэм деж щегъэжьагъэ абрагъуэхэм деж щичхьыжу, фІыцІэ-морафэхэм къыщыщІидзэрэ мы дунейм плъыфэу тетыр хэлъми ярейкъэ жьыхуэпІэным хуэдизу щхъуэкІэплъыкІэхэу, щумыльагъур укІуэдыж. Пэшиплри яуфэбгъуащ Хьэсэн и Іэдакъэщ Іэкіхэм, зым ущІэкІым адрейм ущІыхьэузыщІипплъхькІэ, укъыщыщІидзар къыпхуэмыщІэжу щхьэр мэунаэр. Зэщхьу техауэ сурэтитІи хэпльагъэуэркъым пэжьыгъэхэм, дэтхэнэ зыми гъэазджэм и къэгъэщІыгъэ гъэщІэгъэуэну уІуоплъэ. Ахэр уэгум хуиту и бзухэрауэ пщІэнкъым, абыхэм сурэт тепхъыным гугъуехьу пыщІари тепльэгъуэхэм ауи къатещыркъым. КъэтІысу, езы Хьэсэн зэрыхуейр сыт хуэдэуми «яжриІэу», зытращІэхэм ещхьщ.

ИтІанэ, зы гъэщІэгъуэн, уасэ зыхуумыщІыфыну хъугъуэфІыгъуэ: сурэту хъуам якІэщІэтхащ бзум и щхьэхуэныгъэхэр, абы урысыбзэкІи, адыгэбзэкІи, балъкъэрбзэкІи зэрелджэр. Бзэм ирилажьэ дэтхэнэм и дежкІи ар къэсэбэпыну къудейкъым, нэгъуэщІ зы щІыпІи къыщумыгъуэтынкІэ хъуну щІэныгъэ щхьэпэщ. Журтым ди пащхьэ кІырихьа къуалэбзухэм яцыщу зыбгъэпщІыну, нэхъыжьыІуэхэм е абыхэм дахьэхэм тІэкІу нэхъыбэІуэщ яцІыхур, я фІэщыгъэхэм я гугъу тщІыхьэнкъыми. Псалъэм папщІэ, хэт ищІэрэ жыгъыІу удзыфэр (зелёный дятел), къуршмыІэкІэпысыр (горная трясогузка), жэнэтбзур (щёгол), бгъэжьейр (орёлкарлик), къэбцІацІэр (поползень кавказский), бзупэгъумыр, бзупакъыр (обыкновенный дубонос), нэгъуэщІхэри.

И лэжьыгъэ нэхъыщхьэм къыдэкІуэу, сурэт техыныр зыми хэзымыльхьэ Хьэсэн и гуащІэм зэрыдихьэкІыр, гъэлъэгъуэныгъэ зыбжанэ музейм абы къыхуэзыгъэпэщащэ зэрыщытар, Іэхэущ Іапі Іэм и бжэхэр сытым дежи зэрыхуэзІухар щыжиІащ выставкэм теухуауэ екІуэкІа зэІущІэм музейм и къудамэм и унафэщІ, искусствовед **Леонтьевэ Ни-нэ**.

- Езы Хьэсэн зэрыжиІэжьымкІэ, ар зэрыщІыкІу лъандэрэ дехьэх ди щІыналъэм и щІыуэпсым, къыщалъхуа Зэрэгъыж къуажэм и мэзи, и къуэлдзкІи къызэкІужьу щытащ, щІэщыгъуэ гуэр зригъэльапІагъуэ мэ фІэфІу. ИужькІэ ар дахьэхащ ди щІыналъэм щыпсэу бзухэм, абыхэм сурэт ятрихыну хуежьащ. Абы Котляровкэ Мариерэ Викторрэ я тхылъ тедзапІэм къыщыдигъэкІа альбомым бзу лІэужьыгъуэ щэрэ тхущІым щІигъу итщ, мы гъэпсэгъуэныгъэм а бжьгъэр щІтІым щыщІригъэгъащІи, ди гуапэу дохъуэхъу Хьэсэн, - жиІащ Нинэ.

КъэпсэлъапІэр хуит зыхуащІахэу **Котляров Викторыр**, КъБР-м и Парламентым Щэнхабзэмкіэ, жьлагъуэм зегъэужьыныкъэ хъыбарегъащІэ политикэмкІэ и комитетым и унафэщІ **Пащты Борис**, ди республикэм и цІыхубз сурэтыщІ, ЦІыхубз творчествэмкІэ щэнхабзэ - методикэ центрым и унафэщІ **Жылэ Анатолэ**, БгъэльэщІыпІэхэм я экологиемкІэ институтым и унафэщІ **Тембот Фатіимэт**, биологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, «Урыс географие зэгухьэныгъэ» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **Къуэжьокъуэ Мухьэмэд**, «Свой стиль» фотостудием и тхьэмадэ **Лукьяненкэ Иван**, физико-математикэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, Хьэсэн и адэ къуэшым и зыжьэ **Журт Аркъуэ** сымэ зыжьэу жаІащ Журт Хьэсэн и зэфІэкІым хуэдизу и шыІэм пэхъунрэ куэдрэ уэзэрыримыхьэлІэнур, абы и лэжьыгъэхэр профессиональнэ сурэттеххэм ейхэм емыфІэжІмэ, зыкІи къаззрыкІэрымыхур, нэхъ гугъу дыдэ Іэмалым, псэущхэ щхьэхуитым гъунэгъу зыхуэпщІу сурэт тепхыным, зэрызригъэщІытам, ар фІы дыдэу зэрызригъэхъулІам папщІэ пщІэ хэха зэрыхуащІыр.

Езы Хьэсэн псалъэ щратым зэІущІэм зыкърезыгъэхьэлІа псоми фІыщІэ яхуищІащ, и гуащІэм ирата гулъытэм, дапэкІи лэжьэн хуэдэу, гукъыдэж къызэрыритыр, къару къызэрыхилъхьэр жиІащ.

Гъэлъэгъуэныгъэр щыІыпІэм и 30 хьуху екІуэкІынущ, ар зэзэгъэльэгъуну хуей псори музейм фращэлІагъэ.

ИСТЭПАН Залинэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Іэщщагъэлі ныбжьыщІэхэр утыку йохьэ

● Зэпеуэхэр

Ди щІыналъэм щыІэ еджапІэ нэхъыщхьэхэм, курыт Іэщщагъэрэ щІэныгъэрэ щызэрагъэгъуэтхэм я студент нэхъыфІхэр илъэс зыбжанэ льандэрэ хэтщ «Іэщщагъэлі ныбжьыщІэхэмкІэ (WorldskillsRussia) зэпеуэ иным. Мыгъэрей лъэпкъ чемпионатым хэтыныхэр къыщыхах зэхьэзэхуэ иджыблагъэ щызэхэтащ Бэрбэч ХьэтІытІэ и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкэр къэрал университетым и педагогикэ колледжым. Абыкіэ хъыбар дигъэщІащ КъБКъУ-м и пресс-Іэнатіэм.

РЕСПУБЛИКЭМ и курыт школхэм щылажьэ егъэджакІуэрэ еджакІуэу 200-м щІигъу щыхьэщІащ а махуэм педколледжым. ЕджапІэм и унафэщІ Ашэбокъуэ ФатІимэ я гъусэу абыхэм пэшхэм зыщапльыхьащ, иужькІэ кІэльыплъащ зэпеуэм хэтыну зи мурадхэм яГъэзэщІа лэжьыгъэхэм, ята дерс зэІухахэм.

ЯпэщІыкІэ я зэфІэкІкІэ ягъэльэгъуащ «ПащІэдзэ классэхэм я егъэджакІуэ» Іэщщагъэм хуеджэ студентхэм. Пхъэидзэм щызэрикІамкІэ, абыхэм урысыбзэмкІэ дерс зэІуха кІэщІ ятын хуейт, интерактивнэ Іэмэпсымэхэр къагъэсэбэну. Къыхэщыпхъэщ а лэжьыгъэр студентхэм фІы дыдэу къаззрехьуліар. Абыхэм я жьІэщІэ дыдэ хуэхуэу дерсым хэтащ ар щекІуэкІа 2-нэ классым (Налшык дэт курыт школ №7-м щыщщ) щеджэ цІыкІуэхэри. ЕгъэджакІуэ ныбжьыщІэхэм яхуІэкІащ сабийхэм ящыщ дэтхэнэри лэжьыгъэм жыджэру хашэн, апхуэдэуи дерсым къыщагъэсэбэпар интерактивнэ доскарэ планшетрэщ.

Абыхэм къакІэлэтыкІуэу студентхэм ирагъэкІуэкІащ адэ-анэхэм щадэлажьэ зэхуэс. Абы щызэпкърахащ еджэныкІэ оценкэ лъахъшэ зыхуагъэув сабийхэм яІэ мыарэзыныгъэм зэрыхущытыпхъэр.

Зи школ кІуэгъуэ мыхьэхэми екІуу зэрадэлэжьапхъэм епха дерсхэри щекІуэкІащ а махуэм педколледжым. «ГъэсакІуэ» Іэщщагъэм хуеджэ студентхэм яГъэльэгъуа лэжьыгъэр хуэгъэпсат сабийхэм я бзэм зегъэужьыным, я гупсысэм зегъэшэщІыным. Крылов Иван и «ЩІыпэ-щІыпэмрэ ХьэмпІэщІэджьмрэ» псыс щІыкІур зи лъабжьэ дерсми къыщагъэсэбэпар иджырей техникэ пэрытым и Іэмалхэращ. ГъэсакІуэ ныбжьыщІэхэм апхуэдэу яГъэльэгъуащ сабийхэм зэрадэлэжьэф нэгъуэщІ унэтІныгъэхэри: ахэр шхэным зэрыхуагъэхьэзырыр, къабзагъэмрэ Іэдэбагъымрэ зэрыхуащІыр.

- Іэщщагъэлі ныбжьыщІэхэр» (WorldskillsRussia) зэпеуэм хэтынухэр къыщыхах зэхьэзэхуэм иджыри щыпащэ ди щІыналъэм. Абы къыхьхьэнущ ди республикэм щыІэ адрей еджапІэхэри. А псоми ябгъэдэлъ зэфІэкІхэм кІэльыплъ къэпщІакІуэхэм иужькІэ къыхахынущ къэралпсо зэпеуэм хэтыну зыхуэфащэхэр.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Чэрэчэ

КЪАНЫКЪУЭ Анфисэ

Тхыдэ роман. Ещанэ Іыхьэ

(КІэлъыкІуэр. ПщІэдзэр №№02 - 6-хэм итщ).

МафІэпс къех

Апхуэдизрэ игъэфІа хъуэспсапІэм лъэІэсыным зы ІэфракІэбжьэ фІэкІа иІэжтэкъыим, ащырыдзэр сыт хъуэ гугъуехь иримыихьэлаи, Ашэрэд икІуэтыжыну игу къигъэІыххэртэкъым. Ильэс бжьыгэкІэ эрэгъэпэщэ дзэшхуэм щыІэр кьеГугуэями, пщыжьым сытри ишэныну хъэзыр. Фырат эзрыкІыу, хьэтхэм зэрателъэдэнэр кьыхуэмыгГэсу, Ашэрэд гукъыдэжьым зэрихьэрт.

ПщэдджьыкІыпэу, ащырыпщым и блыгуІэтхэр бланэфэ шэтырым щызэхуишэсауэ, къапэщылъ зыщэм зэрыхуэхьзырым тепсэлъыхьу, хэщІыныгъэу яІэр къапщытэу зэхэст:

- ХьэкІэжхъуэкІэхэр дапщэщ иужь дыдэ щывгъэшхар?

- Вэсэмахуэ жщ фІыуэ ягъэшхащ, зиусхьэн. Зэрыжьыпламэ хуэдэу, дыгъуасэрэ нышэдибэрэ, псы къищынэмыщІа, зыри яІухуакъым, - и Іэр и ныбэм деж щызэтелъэрэ, и щхьэр ехьэхауэ жэуап ет зым, джэдыгу Іувышхуэ щыгъми, къызэрещІыкІыр къапщІэу кІэкуакуэу.

- Хъарзынэщ. Ныщхьбээ лы тІэкІу-тІэкІу ефти, куэдщ ар. Пщэдей зытІэтынущи, мэжаліауэ, лъы хуэІлауэ етшажьэмэ нэхъыфІщ, - арэзыт Ашэрэд.

- Нынрт ищхъэрэжь зэрыдэкІуейрэ куэд щІащ, зиусхьэн. Иджыри къэс хъьбар лъэпкъ щыІэкъым. Пщыкъуэм дыпэмплъэу зытІэтыну? ЗыкІэлъыкІуар кьехъуІлэрэ кьемыхъуІлэрэ дымышІуэу дауэ дежьэн?! - игъэщІагъащ Арапхъэм и пщыІэм.

- Нынрт сэрэ зэхуэдГэуява пІалъэр къэсащ, Хьэшмий. Сауштэр щІыгъщ пщыкъэм. Мэтэнейм и пщым хуэдэу мы щІыпІэхэр зыми иціыхурхъым. Сэ шэч кьытесхьэркъым ахэр зыкІэлъыкІуар кьаэрехъуІам, уэри кьытумыхьэ. Лъэмыжьр нобэ нащІысынщ. Псым дызэрикІыу Нынрт кьытхъыхьэжьынщ, ищхъэрэкІэ дэкІуеи дзэр нэхъыбэж кьызэрГъэхъуауэ. Хэт кьыдэмыІэпыкъуами, Хьэтуси-лэ зыми кьригъэлыфынукъым. ЗэфІэкІащ абы и Іуэхур. Фырат и адрыщІ Іуфэм кьыщхьащІт бгыжьхэм тхьэмахуэ бжьыгэкІэ кьыткІэлъыплъу тета хьэтыдзэм кьалащхьэм игъэзэжьынукъым. ЗэфІэкІащ абы я Іуэхур, - хэкъуэзауэ жеІэ Ашэрэд.

- Нэхъапэм хуэдгъэфащэ мыхъумэ, и пэжьыпІэр тщІакъым. Иджы тІасхъэщІххэм кьызэратГэщІамкІэ, мэуэтхэр щІыгъуі хьэтыпщым, - щыпкъэу кьэпсэлъащ Мэтэнейм и дзэешэр.

- Хьэтусилэ хуэдэу, уэри уи фІэщ хъууэ ара мэуэтхэм дыкъыІэтрагъкІэфрыгъ?! - хуэмыфащэ ирапсэа хуэдэ, и напщІэр хеш Ашэрэд.

- ПщІыр щІхьэпэ, мэуэтхэр лъэпкъ лъэрызехьэщ, - и дамэр дригъэуеящ дзэзешэм.

- Деплъынкъэ! - жи пщым, пагэу.

ЩІыбымкІэ кьыщІыуа зэрызехьэ макъым кьызэпиудащ пщым и псалъэр. ЯлэщІыкІэ, псоми я гугъащ Ашэрэд кьыздиша асльэныжьхэм ящыщ аргуэру кьикІыу, зауэлІэр игъэщтаэу. Макъэр нэхъри кьыщІызэрыІэтым, пщыжьым и тхьэкІумэм кьицырхъащ зыпэмплъэхха, кьэзыгъэуІэбжьа псалъэхэр:

- Хьэтхэр кьызэрохь! Зиусхьэн, хьэтхэр ипщэкІэ псым кьыщІызэпрыкІри, кьыттеуащ, - жиІэурэ, штэрым кьыщІэльэдащ тІасхъэщІэххэм ящыщ зы.

- Дзэр вгъэшхо! ПсынщІэу! Хьэкуэстэгухэр зэщІэфщІэ! - щІынальэ жьжьэм кьыздиша и тахъгъэм зизыгъэщэта пщыжьым, напІэзыпІэм кьелъэри, и макъым кьызэрихькІэ блыгуІэтхэм яхэкІиящ.

БлыгуІэтхэмрэ дзэзешэхэмрэ штэрым кьызэрыщІэхри, зэбгрыжащ, щхьэж жэуап зэрихь ypэыкІэ яунэтІу. Унафэ щІагъуи ящІыну зэман иІэжтэкъым ащырхэм - хьэтыдзэр ипщэ щІынальэмкІэ Фырат кьыщІызэпрыкІрэ, щІэплъыпІэр кьагъэуфыщІу кьызэрыхьырт. Джэдур дзыгГъэм ещанкІэу и гугъэжьми, дзыгГъэр джэдум кьебГэрыкІуаэу кьыщІэкІат.

Ашэрэд кьахъуагъэса хьэкуэстэгум зридзэщ, бжьыКІ папщІэ кІыхьыр лъагэу иІэтри, и макъым кьызэрихькІэ кьэГэузхъащ:

- Феужьэрэк! ПсынщІэу! Шуудзэр вгъэшэс! ТІукІэ дзынэхьбэщ, фымыгужьей!

ЗэрыхьукІэ нэхъ псынщІэу хьэкуэстэгухэр зэщІащІэщ, дзщІкэр зыщадзэри, зауэлІэкІэр кьызэхэуващ унафэм пэплъэу. Ащырыпщыр зэрыува шыгум щІэщІа пщІэгъуалэ екІуэзэм зрачыну кьэзырыххэу, щІы щхьэфэ тещтыкІар фІалъэ лъакъуэхэмкІэ кьраудырт, щІэпырхьихьыжу я щІыбэр яГэтхытхыу. Пщыжьми хуэщІыгт унафэ ткІийкэр - икІэщІыпІэкІэ мывэ кьалэу кьригъэувэкІащ мэІу лъагэ-бгъэшхуэхэмрэ бжьыКІ папщІэ кІыхьхэмкІэ кьызэщІэузда зауэлІэкэр хьэзырыххэу зэрыт хьэкуэстэгухэр. Шуудзэм и щІыбагъ кьыдэтт джвтэ зэщІэлъыкІаэкэр яГэдалъэрэ мэІу хъурей Іэкіуэльакіуэкэр зи джвбэм кІэрэзыкъуэз зауэлІ псынщІэхэр. Абыхэм кьакІэлъыкІуэрт шабзауэ Іэзэхэри. Ащырыдзэм кьатеуаэкэр тІукІэ нэхъ мащІэу фэ иріпльатм, ахэр напІэзыпІэм зэпкъраудыну щыгугъырт Ашэрэд.

- Мыхэр хьэтхьым, зиусхьэн. Я щыфэлІыфэкІэ - мэуэтхэрщ, - кьэблэгъа пэІущІэм яхэплъэри, жиІащ Мэтэнейм и дзэзешэм. - Гупсыси чэнджащи дыхьыумыгъэту, къарууэ диІэри, уи хьэкІэкхъуэкІэхэри заищІэу едутІыпщмэ нэхъыфІщ. МащІэщ жьпІэу, нэмыплъ яхуумыщІ! Уэ езыр зэхэуэм ухэмыхьэу, иужь зыкъинэ. АдакІэ деплъынщ.

Ашэрэди гу льитат ягу-я щхьэ зэтелърэ хуабжьу кьызэрыхь уэрым ащырыдзэм и пэІущІэр, шэмэджьм ирихам хуэдэу, ирилъэсыкІынкІэ шынагъэу зэрыщІыэр. Дэуэныи губжьынуи зэман иІэжтэкъыми, арэзы хъуащ пщыр.

- Хьэкуэстэгухэр япэ фищ! Шуудзэр зэрыщыту феуэвэІи, фежьэ! Фи кьару къиХь къэмыГъанэ! Лъэсыдзэр иужь фыкъынри, епсыхэр зэхэвупщатэ, щысхь имыІэу. Еуэ биидзэм! - Ашэрэд и бжьыКІыр лъагэу иІэтри, и тэмакъыр щитхъыным хуэдэу кьыщІыгъуахъуэм, ащыр хьэкуэстэгухэм зрачащ.

- Пхъуэтэрхэр[1] япэ фиувэ! - кІуэрыкІуэм тету унафэ ищІащ Алэдамэ, ащыр хьэкуэстэгухэр шуудзэм япэ кьрагъэувэуэ кьаэзэрпежьэгъ щилъагъум.

Абы хэтуи мэуэт шуудзэр зэлъэщІакІуэтри, шы пщыкІутІ-пщыкІутІ зыщІэщІа нартыгу абрагъуэзэр мэуэтыдзэм и бгъуагъкІэ яІэ кьиуващ. Ижь-ижьыж лъандэрэ нартыкъхэм зауэм кьыщагъэсэбэп шыгу лІэужьыгъуэм и хьыбар ипІэукІэ зэи зэхэзымыха ащырпщым и фэр пыкІащ, абыхэм кьахэпльэри. Сыт хуэдэ хьэкуэстэгу лІэужьыгъуэри пхъуэтэрым ирихьфыну гъущІ пІэущІэ Іутщ, шы бгъэгъуэри, нэпкъэри гъэбыдащ, езы шыгур ІыгащІи, итхэм уазэрыльэмыІэсыным и гугъу умыщІыхьи, шэрхъ лъагэхэм гъунэгъу уазэрыхуэхъуу, ущІилъэфэнурэ узэхихьэжэнущ.

ТІасхъапІэ имыІэрэ дунейр зи инагъ нартыгуэхэм кІуэрыкІуэм тету ащырыдзэм и хьэкуэстэгухэр иральэщІэкІащ, зыиу кьащымыхъуу. Шы укІурияхэр гужьеяэр тхауэу, я гур зэгуэдыным хуэдэу папщэу, щыщу зэхэлъу кьызэранэкІыуэр биидзэм хэлъэдащ мэуэтхэр. Хьэкуэстэгум нэхъ псынщІэу зигъазэми, бГъэлэкІуэну нэхъ тыншми, пхъуэтэрым зэрыпэлъэщыкІ Іэмал яГэуэтакъым ащырхэм. Ари я ПІасхъапІэ хъуащ биидзэм.

КьахуэмыгъэувэІэу кІуэцІрызыкъутыкІ пхъуэтэрхэм яГъэукІурия зэрыпхъуакІуэхэм холъэщыкъ мэуэт шуудзэри, джатэ ІэкІуэлъакІуэхэм кьапткІу лъы ткІуэпсэр уэс хужьым триупцІэрэ тхыпхъэ пльыжьхэр хуарэ лъэгукІэ зэхэущбэжу, зэрэ.

НапІэзыпІэм кьызэрыкъуэха уэрыр уафэхъуэпскІыу кьащыхъуат ащырхэм. Хэти Іэнкунщи, зыкъыхуэщІэжьыркъым, хэти зиІэтыжьмыну кьзыщІэкІэ, мэуэт бжьыКІым щІым хегуэж. Зэрызохьэ, зэрогъэкІий.

Мэтэнейм и дзэзешэм Ашэрэд и сэмэгурабгъу зыкъищІащ.

- Пэжу япэ сибгъэщІатэкъым. Шы лъэгу сащІат, уэр мыхъуамэ, - ащырыпщым и нэгу щІэкІ псор и фІэщ мыхъуу щыттт и пІэм ижьхьауэ.

Зауэ губгъуэм щызэхэлъэда дзитІыр Іисраф зэрызэрыщІыр, ащырыдзэм хьэлэчу кьыкъалъхьар, апхуэдизу зыщІыгъуа и шуудзэмрэ хьэкуэстэгухэмрэ къащыщІам и щхьэфэцыр дэхъеауэ, зыхуэгъэхъеижьыртэкъым Ашэрэд.

- Мэлур иумыхьэх, зиусхьэн. Нэхъ лъагэу Іэт. Уи лапІэ кьыщІэщмэ, мобыхэм я шабзауэхэр блэукІынукъым, зэгъащІэ! - дззэешэм гу льитат биидзэ къэблэгъэпам нэрыбгей уэр зэрыхэтри, фызшу ябгэкэм я гущІэгъунша-гъымрэ бзаджагъэмрэ я хъыбар шынагъуэхэр зэхэзыхьжам и нэщхьэр зэхэлъу Ашэрэд хуеплъэжащ.

- Мэуэтхэри нэхъ укъуеящ. Я шуудзэм иджыри зы ТІкІу кІэрыхымэ, лъэсыдзэр дутІыпщынщ, - тІкІу-тІэкІуурэ и фэм кьиХьжьыр ащырыпщыр.

- ЯпэщІыкІэ хьэкІэкхъуэкІэхэр яхэуТІыпщхъэ, зиусхьэн. Дэ езым зыкъыдамыдзыжьын хуэдэу, лъыкІэ ирикъумэ, лъэсыдзэр дутІыпщынщ. Армыхъумэ, хьэлэчыр кьытхалъхьжьнщ ди асльэнхэм, - жи дззешэм.

- Гу хъыринэхэр къэфху! - джащ Ашэрэд, къызэпІъэкІри.

Арыххэуи, хьэкІэкхъуэкІэ мэжэлІахэр зэрыуБыда шыгухэр кьахури, кьрагъэувэкІащ. Ащырыдзэр зымащІэкІэ кьызэрыгъэгужьейуэ зэрызехьами, зыкъащІэжауэ мэзауэри, гъуэзыр кьащхьэщІех. Алъандэрэ щІыІэм дрихуейуэ зэхэтами, иджы мафІэр кьапольэлъ. Пэжу, ащырыдзэр фІыуэ нэхъыбэт мэуэтхэм нэхърэ. Хуэхьэзыт мэуэтхэр биидзэр кьаэзребэкІым, ауэ нарт лІыхъжьхэм я гущхъэ къэкІыххатэкъым щхьэ мэтэ хъужарэ, мэжалІэу джэду абрагъуэзэр кьыхатІыпщкъэну. Хьэт кхъухьхэм я пэм фІэщІыхьа хьэкІэкхъуэкІэ щхьэ бацэм я псэущхьэ телпъэнри зэи я гугъатэкъым абыхэм.

Мэуэтыдзэм кьахэльэда джэду мэжэщІалІэхэр гъунэгъу зыхуащІмэ, зэрапэмылъэщынур быдэу кьызыгурыІуа лІыхъжьхэмрэ нэрыбгейкэмрэ я шабзэшэхэр кьытрауащІэрт. Мыдрейхэри, шы, цІыху жаІэу, зэхэдз ямыщІу, кьапэщІэхэм зрадзу, ЯубыІыр гуатхъыу ирикІуэрт. Джатэр зыІэщІэщэта, шабзэши зымыІыгъыж, шым кьещэтэхауэ Іэщэнэщэу утыку кьина мэуэт зыбжанэм сэжьейр яІэщІэлъу япэщІэувэрэт зи жьэр ущІауэ кьебГэрыкІуэ хьэкІэкхъуэкІэ шынагъуэхэм. Абыхэм я гур зэІухаэу щІэпльэрт ажалым и нэ щІыІэм. А псоми жьжьэу кьыхэпльэу щыт ащырыпщым и щІыфэр тхытхырт. Ар щІыІэм дрихуейуэ аратэкъым, атІэ, Іэ пцІанэкІэ асльэныжьхэм кьапэщІэува пелуанэхэр псэууэ зауэ губгъуэм къикІмэ, ащырыдзэм кьращІэнур и нэгу кьыщІэувэуэрэ, зэриздзэу арат. Мэуэт зауэлІхэм я плІэм иубГуа мыщафэхэр зытраха хьэкІэкхъуэкІэхэм я псэр кьаІуКІа нэхъей, шыни икІуэти ямыщІэу, кІуэтэрт нартыдзэр.

- КъэфшэщІ шабзэшэхэр! - хьэзырыххэу еуэвэкІауэ зэхэт шабзауэхэм захуигъэзащ Ашэрэд. - УтІыпщ!

Мэуэтыдзэм и шуукІэр пигъэщхъыу хэщэщащ шабзэшэ мин бжьыгэхэр. Ащырыдзэм и зэхуэдитІымрэ кьраушта асльэныжьхэм я нэхъыбаПІэмрэ зауэ губгъуэм Іуащхьэу кьыщІэзэранами, мэуэтхэми хэщІныгъэшхуэ яІэт. МыувІэжьыххэу кьытракІутэ шабзэшэм куэд дыдэ зэрырихынур кьыгурыІуэри, Алэдамэ и джабэм кІэрыщІа ГъуО кІэщІым щэнейрэ ипщащ. Абы кьикІыр псоми ящІэрт: мэуэтыдзэр икІуэтыжу арати, зыкъаГъэзащ. Ашэрэди и дзэм кьыхэнэжар ириджэжащ, пшапэ зэхэуэГъуэм мэуэтхэм кьакІэпльэпхъэрыну темыгушхуэу.

Шэтыр щІыхьэпІэм деж щызэщІагъэна мафІэм пэрыст мэуэтыпщыр, и уІэгъэхэм цІыху иримыГъэІуэсу, езым зэщІипхэжу.

- ЗинэкІэ кьалъхуам и бзаджагъэр пщІэгъуа! ХьэкІэкхъуэкІэ мэжэлІа кьыхтиутІыпщхьащ! - губжьым зэщІищтати, и Іэпкъ-лъэпкъыр зэрешари, уІэгъэхэр зэрыуэри акъылкІэ кьыгурымыІуэжу щыст Алэдамэ, и дзэпщым худэплъейуэ.

Мэуэтыпщым и щхьэ фІыцІэм кьыхэж ПщІэнтІэпсыр, и натІэмрэ нэзэрыхъэмкІэ кьежжьыжмэ, и напэм кІэрыгъуа лъыр кьиГъэщІытэрэ, тКІуэпс плъыжьу и жьэпкъыпэмкІэ кьыпыткІужу щыст ину бауэу.

- Куэд тхэщІа, Уэзрэдж?

- Мэуэтыдзэм и Іыхьэ щанэр диІэжькъым, зиусхьэн! - кІэщІрэ гурыІуэгъуэу жэуап итащ дззешэм.

ЛІы пащІапІэ нэ фІыцІэм и нэпкъ лъагэжэр ещІыцІэкІауэ Алэдамэ и пащхьэ къитт. Дзэпщ псыгъуэ лъагэм и бгым ильэ джатэ Іэпщэм Іэ сэмэгур телъу, и Іэ жьэ едэьхам лъыр пыткІуу зэфІэтт, уІэгъэ бжьыГэнышэхэр тельми, ар кьехьэлъэкІыу и пщым зыкІи зыкъримыГъащІэу.

- ЗыкъамыщІэж щІыкІэ тедмыГъаэзу хьунукъым. Ахэр куэдкІэ нэхъыбэщ. ЩІалэр дэнэ щыІэ? - кьекІуэлІэжагъащІэрэ гу щимыхэзу кьришэжьа и бын пажэм зэрыхуэгъуэавэр кьыдалъаГъумэ, фІэемыкІуу жиІащ пщым.

- Узыншэщ, зиусхьэн. Моуэ, Іэгъуэблагъэм щыслъэГъуа кьудейщ, - абдеж щыхузэфІэкІыныр арати, пщым и гур а зымкІэ игъэпсэчащ Уэзрэдж.

- Напэтех! Сэ зэрысщІэжрэ нартыдзэр иджы етІуанэ иКІуэту аращ, - увыІэжьыфыртэкъым Алэдамэ.

Мэуэтыпщым и щхьэр игъэкІэрахъуэри, мафІэм щхьэщагъэува шыуанышхуэмкІэ кьагъэва мылыпсым хьыдан хикуэщ, икъузыжри, и напэр быдэу зэпплъэщІыхьащ:

- Нэхущым ирихьэлІэу хьэтхэр кьэмысмэ, дзэр-дзэру иджыри зэ дакІэлъыГъэззэжьнщ ащырыдзэм. Езыхэр япэу кьыттеуэмэ, фІы щІэтхынкъым. Мы сэ слъэГъуар дзэ лъэщщ... КІуэ, Іззэ зыкІэлъыГъэплъи, кьэгъззэж, дэ иджыри унафэ тщІын хуейщ. ЩІалэми кьысхуеджэ.

ЛІы псыгГъэ кьамылыфэм и щхьэр ищІри, шэтырым щІэкІыжащ.

Алэдамэ кьыгурыІуэртэкъым хьэтыдзэм апхуэдизу зыщІиІэжьар. Цэпхъ[2] дех хьэтхэр псым кьыкІыу, зэрыпхъуакІуэхэм ищхъэрэкІэ кьащытеуэн хуеящ. Зэхуэгъэува пІалъэм щыфІишым, ащырхэм лъэмыкъыр нащІысыпІэ жиІэри, бийр Фырат иримыгъэкІыу, мэуэтыдзэр теуаэу арат. Иджы зэрыпхъуакІуэхэм я лъэр щІадащи, Алэдамэ щогугъ хьэтхэм замыкъэгъувэну, Хьэтэм ирамыгъэхьэу ащырхэр КъэркъэмыШ деж щызэтраукІэну.

- Сыноудалъэ, зиусхьэн! УкъызэждатІ, а дзэр тегупсысыкІауэ щІалэр зэрызэхимыхыр кьыгурыІуэри, и макъым мащІэу зригъэІэтащ Дыгъэмыс.

Алэдамэ абы кьыхуеплъэкІащ. ЩІалэр, даеи, уІэгъэ защІэт, ауэ уэзэрыгуэзэвэн быдкъуэшхуэ тельтэкъым, адэм и гур псэхужауэ, и щхьэр ищІащ.

- Сыноджат. Дауэ кьыпщыхъуа япэ махуэр? - хуиту зэпсэлъэн щІэдзэн хуейти, щхьэусыгъуэфІ кьыгъуэтат адэм.

- Ди Іуэхур щІагъэкъэн, - щІалэщІэр мы Іуэхум зэрегупсысагъэххэр ныІуэт.

- Сыт абы кьикІыр? - Алэдамэ къэуІэбжьаи, щІалэм зыкъримыгГащІэу кьыхуеплъэкІащ.

- Хьэтхэм загъэгуващ. ЩхьэусыгГъэншэу утыку дыкъраненэнтэкъым абыхэм. Ауэ щыхъуКІэ, Іэджэм дыкъелащ, зиусхьэн. ИкІэщІыпІэкІэ зыдГъэхьэзырынщ, - жиІэри, и щхьэр ищІащ Асэей.

- Жэщу даэзрытеузнри нэхъыфІыххэу кьыщІэкІынщ: зэрыгГэгужьеинущ, - арэзы техуащ дзэпщри. - Ауэ зауэ губгъуэм кьидна хьэдэхэр кьетшэлІэжакъым, уІэгъэ хъуэхэр кьетшэлІэжа мыхъумэ. Абы я гущІыІум дауэ дрикІуэн?!

Алэдамэ и гур кьиузыкІам хуэдэу, и нэгур кьызэкІуэкІащ ар щІэзэхиным.

- ДакъыпекІуэкІынщ. КъуэкІыпІэмкІэ дыкъелкІэкІынщи, дахэпъэдэнщ ащырыдзэм. Апхуэдэу нэхъ тыншыххэ хьунущ. ЩІыхупІэм едгулІынщ, здикІуэтын ямыІэу. Ди Іуэхур нэхъ кьикІынущ, дынэхъ мащІэми, - щхъу дыдэу кьэпсэлъащ алъандэрэ щыму лъэныкъуэкІэ щыта Дыгъэмыс.

- Пэжщ щІалэм жиІэр, зиусхьэн. Ащырыдзэр лъэмыжым икІын папщІэ, хуэм-хуэмурэ егъэзыхыгъуэм ехьу, пщыхьэм дыхьэн хуейуэ аращи, зэрыгГэгужьеяуэ зэрехьэжьэмэ, ар куэдым я кІуэдыжыпІэ хъунущ. Я шукъэм мафІэ топ хэдгъэльэдэгъин, шыхэр щтауэ зэрехьжьэнурэ, а къуэм псэууэ зы цІыху кьыдэкІыжьнукъым, - арэзы техъащ дзэпщыр.

- Нобэ фІыщІэ пхуэсщІыну узгъуэтыжькъым, щІалэфІ! ГъащІэ кІіуэ ихьы ухъу, - Дыгъэмыс дежкІэ кьеплъэкІри, щхьэщэ ищІащ нэрыбгейм.

Пщыкъуэр укІытауэ, щыпкъэу и щхьэр мащІэу игъэхъеящ.

- Ащыр хьэкуэстэгухэм ящыщ зы кьыстеукІриери, си лъакъуэр щІиубащ, зиусхьэн, - пщыр, фІэгъэщІэгъэну, кьыщщІуплъэм, жиІащ Асэей. - НэжьгъущІыдзэм и ГъуазэР фиІэжтэкъым, ДыГъэмыс мыхъуамэ. Си щІэлъэныкъуэр зэ пхъуэгъуэм гуитхъынти а кьысщхьащыува джэду щхьэ бацэм. ЩІалэр къэсщ, хьэкІэкхъуэкІэм бжьыКІкІэ кІуэцІыпыджэри, ажалым сыкьыІэщІихащ. Пелуану кьыпхуущІэкІащ уи щІалэр, зиусхьэн - хьэкуэстэгур иІэтри, сыкъыкІэщІ. Тхьэм кьытхуиукъуамэ!

Алэдамэ щызэхихым мэуэтыпщым и губжьыр мащІэу щхьэщыкІащ. Дыгъэмыс и напІэр едэыхауэ щытт зэпІэзэрыту, и нащхьэхэр игъэпщкІуу, езыр щыту и адэм зэрыхуцыт-хъум иримыарэзыуэ, и Іупэр икъуэу.

- ИІэ, Уэзрэдж, Ассей. Фыкъуэ, зывгъэхьэзыр. ЩІалэм кьызэрыхилъхьам хуэдэу тщІынщ, - и щхьэр ищІащ мэуэтыпщым.

ЦІыхухъуэкър щытхъу псалъэм щІэфыгъуаеми, нэрыбгейр щІалэм зэ хуеплъэкІыжри, пыгуфІыкІащ:

- Афэрым!

Мэуэтыдзэм кьыхэнэжам жэщыбгъм ирихьэлІэу зиІэтщ, зэрыжаІам хуэдэу, кьуэкІыпІэмкІэ кІуэкІри, тІыси псэхуи ямыІэу, бжьэм хуэдэу, лажьэу зэхэт ащырхэм я щІыбагъ кьыздэуващ. Мэуэтыдзэм хьэлэчыр халъхьарэ закъыкъуэмыщІэжауэ зэхэсу и нэгу кьыщІигъэхьэрт Ашэрэди, апхуэдэ жьышхуэ кьыхуэкъуэну и гущхъэ кьиГъэкІыххэрэртэкъым. Псым икІынкъым зымащІэ тІэкІу фІэжІа кьэнэжатэкъым, кьэхъуа щІэкъым жьхуиІэу, махуэм и нэгу щІэкІа зэхэуэр щыГъупщжауэ, лжьакІуэхэм ящхьэщІитт Ашэрэд. Ащырыдзэр, хуэм-хуэму, бгым кьыдэкІыуэр, ныджэм щызэхэувэрт, гъуэгур зэрызэІуахыу Хьэтэм и кьуэкІыпІэ щІынальэм зэрильъэдэным хуэдэу.

- Сыт хъыбар? - жьы уаер щызэприху псыхуэм дэт пщыжьыр щІэх-щІэхыурэ кьызэпІэкІыт.

- ЩІэхуц! Щынагъуэ щыІэкъым, - жэуап ятыжьыт бгыщхьэм хуэм дыдэу кьызэрехьэх зауэлІэхэми.

ЩІыр зэгъэхуу мафІэпс кьыдиупщыкІам кьилыпщІауэ кьыщІихъуащ Ашэрэд, бгыщхьэмкІэ зэрыгГэкІий макъым зыкъыщІитэм. Кьуэм дэт ащырыпщыр гужьеяуэ ищхьэмкІэ дэпльеящ. МафІэ бзийр пылъэлъу мо кІыфІым кьахэльэда хьэуазэ топхэм щыщтэри, щыхэр зэрехьэжьащи, ихуэмыбыдыжу, бгы задэм кьощащэх. Фырат адрыщІ кьыщыІуэсэбэпыну Ашэрэд апхуэдизу зыщІыгъуа хьэкуэстэгухэр зэпкърыщІащ къуэм дощащэ. ЗэрыгГэгужьеяуэ кьыщІэпхъуа зауэлІэри гъатхэпэм кьехъуэм хуэдэу, бгыщхьэм кьелъэлъэхырт. Ащырхэм я жэщтеузу, щэхуу кьебГэрыкІуа мэуэтыдзэм хьэтыпщ щабзэшэ мин бжьыГэхэр, вагъуэижьым пылъэлъ дэпу, кьахэщащэрт зэрыпхъуакІуэхэм. Іэгъуэблагъэри псыхъэри нэхушхуэ кьэхъуащ, ихъуреягкІэ мафІэст. МафІэ топхэр мыувІэжу кьэхэлъадэрти, гу хъыринэхэм ирауфбыдэжа асльэныжьхэр шынаэ гъуахъэрт, шыхэм я сокумрэ кІэмрэ мафІэр щІэнащи, псэущхьэхэр гужьеяуэ, здэкІуэр ямылъагъужу, кьыззрохьэкІ Іегъуэблагъэр зэщІачэу щышу.

- Фыникі лъэмыжьм! Псыхъуэм дэту хъуар зэрыщІыту фыникі лъэмыжьм! - Ашэрэд щэсри, и макъым кьызэрихькІэ кьэкІиящ.

Пщы къамылыфэм и блыгуІэтхэмрэ зауэлІ мардэрэ[3] щІыгъуу теуващ лъэмыж нэмыщІысам.

- Лъэмыжьр нагъэсакъым, зиусхьэн, псыри щІыІэмылщ. Дыхэлъэм, дыкъелынукъым! Дрихьэжьэнущ, уэрыІуэу къоКІуэ, - идэркъым Арапхъэм и тетым.

- Мы кьуэм дыкъыздэнэми, мэуэтхэм дакъелынукъым! Нежьэ, - кьызэкІуэкІащ Ашэрэд.

Мэтэнейм и дзэпщыр шым елъэдэкъауэщ, япэ ищщ, лъэмыжьм техъри, кьызэтемыувыІэу икІи кьызэмыплъэкІуу ирикІуащ. Лъэмыжь нькъуэщІыр щиухым деж, адэкІэ кІуэн имыдзу, шы щтам кІэбдз лъакъуитІым тету зыщІэтым, дзэпщым абы щІопщыр трикъуэтэри, псым хигъэпкІащ. Мыдрейхэри абы иужь иуващ.

МафІэмрэ щыхупІэмрэ къела ащырыдзэр мэуэтей шабзэшэхэмрэ джатэжьхэмрэ ирахыу, нартхэр нэпкъым кьыщщыхьэщыхьэм, илъабжьэр гуІэгъуэжьт: мафІэпс кьежьэу, биидзэр бгыщхьэм кьрилъэсхам хуэдэу, ныджэм щызэхэпльт. Ащырхэми ауэрыдзэ тралъхьа лъэмыжьм мафІэ щІадзэжа, мэуэтхэр якІэлъэымыпхъэрыпн папщІэ, е мафІэтопхэм пылъэлъам зридза... Дрисейрт!

КъуэкІыпІэмкІэ нэхуІэр кьыщщызэкІэщІитхъыу тхъэмбылыфэ кьыщщхъум ирихьэлІэу бгыщхьэм кьытенар мэуэтхэм я закъуэт.

- Ныдэвгъэзэй иджы! Нэхъ псынщІэуэу, - Алэдамэ щэхуу и дзэзешэм зыкъхъуигъаззри, нартыдзэм зиукъуэдинщ.

(КІэлъыкІуэр 4-нэ нап.).

ПСАЛЪЭГЪЭНАХУЭ

[1]**Пхъуэтэр** - нартхэм я зэманым щыІа гу лІэужьыгъуэ, шы 12 ящІэу.

[2]**Цэпкъ** - Хьэт хъэралыгуэм и кьуэкІыпІэмкІэ щыІэ щІынальэ.

[3]**Мардэ** - мыбдеж - рота.



Ащыр хьэкІэкхъуэкІэхэр мэуэтхэм кьыхаутІыпщыхьэ.

(КІэлъыкІуэр).

Гуащэлэпс

Гъэным къуртхъунщыкІыжка гъэдэ тепщэчым хъищынэмыщІа, нэгъуэщІ шхын зыри зэрамыІэжыр анэшхуэм зэрыкрИзнур кьыхуэмыщІэу, бгъэнащхьэ унэ джабэм кІэрыт рыгуэмкІэ[1] хуэм дыдэу иунэтІащ илъэс пщыкІуплІ зи ныбжьым хъыджэбзым. Адэкіэ зэрыхъунур хузэхуэмыгъэхъуу, и нэ фІыщІитІыр напІэнщхэм щІахъумэпаэу, нэщхьейт ар. Лъэгуэжьэ зэрытпІэм теуэ щхьэщ фІыщІэ щІынэшхуэр еухуэнэхарэ Іэпкълъэпкъ лантІэ псыгъуэм и дахагъыр бостей фІыщІэ лалэм щІигъапщкІуэу, и лъэр илъфырт пщащэм. Зэман гуащІэм, мэжащІалІагъэм, къэралыгъэм къытепсыка бэлахьым ГъунапкъэуІІэр, и щхьэщІпІэм къыщыщІэдзаэуэ лъэнтхуэкъуэпсым[2] хьыбжэу, игъэунэхуат абы. И адэмрэ и дэлъхуэмрэ зекІуэ екьажу, и анэр уэ зэрыщІалэм ихьащ, гъэтІылъыгъэкэр кьаІэщІэухащ, анэшхуэр жьы хъуащи, и лъэм къримыхьэкІыжу пІэм хэпщІ... Кьапщтэмэ, апхуэдэхэр щыкуэдщ Хьэтеймри, гуІэгъуэжьыр езым и закъуэ кьыІэзрытемыспсыхар къещІэжри, зыщхьэщегъэзу. Ауэ, мы щІы хъуремк а фызыжь закъуэращ щиІэхээри, ари щхьэщыкІмэ, дауэ хъуну Хьэщацэ?! Сытеуакъэ щыжиІэм а гупсысэр къыщІоэзрыхьыжри, аргуэру угуэзвэнымэ кьеблагъэ!

Къэралым алыджхэр къатеуащ. Ахэр лейэехъэ цІэрыІуэщ. Хьэщацэ гу кьызэрылъатэуи хаутэнчуц, лей къэрахынуц, ядыгъунуц хьэт пщащэ набдзэ къурашэр. Аращ жиІэр анэшхуэм. Пщащэр щогугъ и адэмрэ и дэлъхуэкэмрэ узыншэу зекІуэм къикІыжыну, текІуэныгъэр къахьауэ хьэтыдзэр кьеІуэлІэжыну, мы иужьрей маззэкэм лъэпкъым ишэча гугъехь псори иІуэтэжыну.

- А, хъыджэбз! Дэнэ ущыІэ? - унэ Іушэ щІыкІум кьышІэІукІащ гузавэ зэпыту и иужьрей тхьэмахуэхэр езыхьэкІ анэшхуэм и джэ макъыр.

- Мыдэ гуэдзыр сохьэж, нанэ! Зэ... - щабэ дыдэу пэджэжщ, рыгуэм и тетІысхьэпІэм хуиту зытригъэзагъэри, мывэ щхьэлым гуэдз Іэмышщ Іэ ирикІутащ Хьэщацэ.

ЦІхьэлим и кІыр игъэджэрэзыху кьыкІэщІэщэщ хэжьигъэр тепщэм куум зэрилъэлъэжьым и нэр теплъызауэ здэщысым, Хьэщацэ и щхьэщ Іувыр зыгуэрым и Іэпщэм иришэкІри, кьыщилъэфащ. Хьыджэбзыр кІиймэ, анэшхуэр игъэщтэнчц, фызыжь гужьеяр кьыщІэкІыну къэжьэнуэр, мы къатеуахэм дырхьуэ ирадзынуц. А псори зэкІэлъыкІуэу Хьэщацэ и щхьэм щыблэу ирижэри, узыр и кІуэщІымкІэ пхыкІрэ, лъэпхъуамбэмкІэ щыхэкІыжми, зыхуигъэшэчащ мыкІиину. И нэгу дахэ хужьыр напІэзыпІэм хьэуцыпльпарэ езыр гужьеяуэ Хьэщацэ и нэ фІыщІитІым кърегъэжьых, кьебгъэрыкІуэм Іуплъэну и щхьэр зэрехьэ. КьыщІэзыпІэфами щхьэщыр быдэу иІыгъщи, зыкъыхуІэщІэздыркъым. Арыххэу Хьэщацэ ижьырабгъуклэ лІы гуэр кьыкъуокІуэтри, пщащэм и пащхьэ кьоувэ. ЕтІуанэм зэримыутыпщащ.

- Уэ нэмыщІ унэм хэт щІэсыр? - хьэтыбзэ къутакІэ жеІэ Іэщэ-фащэкІэ зэщІэуэзэда зауэлІым.

- Зыри! Зыри щІэскъым! Си закъуэщ! - жи, хъыджэбзым гужьеяуэ. - Шхын фыхуейуэ арамэ, мы гуэдз ІэмышІэрэ щыІэхэри, кьафащта.

- Уи закъуэ дауэ укъагъэна-тІэ, узидахагъ?! Узыхуэмызэлхъэ урихьэлІэмэ-ща?! - гущыкІыгъуэ мэдыхьэшх лІы чэфынэр.

- Сыт фызыхуейр? Сэ зыри сиІэкъым жыслакъэ! - зэщІэзыубыдам зыкъыІэщІиудыжьыну, Хьэщацэ зеудэ.

Пщащэм зиудэху, модрейми нэхъ быдэжу зэщІекъуэзри, и щхьэфэр тритхъыньм хуэдэу хеш. КьапэщІэхуа хъыджэбзыр ерыщщи, зэрымыкІиймэ нэхъри кьегъэбырсел лІитІыр.

- Мыбы нэхъ кьуентхъыфІ щыдгъэтынтэкъым мы Іэгъуэблагъэм, - гьунэгъу дыдэу хъыджэбзым кхьыбгъэдокІуатэри, лІыр и гъусэм зыхуеГъаззэ. - Еплъыт зэрыдахэ! Атэрыс игу ирихьынущ мыр. Ауэ, дигу пыкІыу, дауэ еттыну?! Дэ тхуэфащэкъэ тхьэІуухудыр?!

- А, напэнщэ! УтІыпщ си хъыджэбз закъэзр! - щІакъуэ башыр къигъэІэпхъуэрэ, и лъэ хуэзщІэмыхьыжыр ерагъыу кьрихьэжьауэ, зэрыхъуэхэкІэ нэхъ псынщІэу кьоІъэбакъуэ анэшхуэр.

Алыджым и Іэблэм зыкъыкІэрицІауэ, щІакъуэ башыр къытезыкъутэ фызыжьым лІыр йодэмэпкъауэри, жьыжьэу Іуедз, щхьэкІэ щІым техуэу.

- Нанэ! Нанэ! Си нанэ сыт епщІар тхьэхэм я нейр зыщыхуэн?! - зиуклІжу Хьэщацэ кІиймэ, алыджхэм зыри хуаІэхутэкъым зызымыгъэхьеиж ныуэжьым.

- Тхуэфащэщ-тІэ! Къэралыгъэр къэзыІэуар дэращ, ди пщышхуэм унафэ иту ди щІыбагъ дэтхуэу, - арэзы тохьуэ адрейри.

А псальэхэм игъэгушхуэ лІыр кьоІъхуэри, напІэзыпІэм зэгуетхъ Хьэщацэ и бостей бгъафэр. БалигъыпІэ иува хъыджэбз ныбжьыщІэм и Іэпкъльпкъ пщтыырыр Іэ пхъашэкІэ зэхешытІэри, ар фІэгугъыкІыгъуэрэ хуэмышэчыжьххэу, пщащэр зыгъуэжьэкІэ кьідоуей, и пащхьэ къитым и щахэм техуэри, кьиІэзфІегъэтІысхьэ. АрщхьэкІэ, и щІыбагъ кьыдэтым Хьэщацэ и пщэ хьэк кІыхьым Іупэ псыфкІэ зыкІэреукІэ, цІипэхъу[3] щІыфэ щабэм хэуэу. ЛитІым я зыр лъэгуажьэмыщхьэу щысщ и щІахэр иІыгъэщу, гурыяю. Пщащэм зыри кьиІэзрыдэмыІэпыкъуэр кьыгурыІуащи, кІийуэрэ и къаурр имыухьжу, бзаджащІэхэм кьаІэзрыІэщІэкІыныр зэхуеГъэхъу. Хьэщацэ и нэ фІыщІитІыр еуфІыщІ, и дзэ хужь щІыкІуэр зэтрекъуэзри, мэз джэдум хуэдэу кьиІэопхъуэкІри, кьиІэрихьэр зэрурэ, ифищу, пІастхъэу щІедзэри, зыгуэрурэ кьыІэщІокІ етІуа-

Ащыр зауэлІхэр.

жиІэным пэплъэу. Атисэ щхьэгуащэм и щІыбагъ кьыдэтщ, и тхьэкІумэ дзынкьуэр Хьэщацэ жиІэм, етІуанэр щІыбымкІэ етауэ.

- Апхуэдэ хъыбархэр кьытхуэзыхьэсын лІы кьинэжакъым хэкум, псори зауэм Іутщ. Джатэ зыкъэгъуІэ зы щІалэ цІыкІуи къамыгъанэу ягъэшэсащ. Уеблэмэ сэ нэхърэ нэхъыщІэжщ си дзпъхури, здашащ нэхъыжьитІым кІыщІтеуауэ жаІэ. ТхьэмахуитІ ипэ алыджхэр къэсащ Хьэтуссэм. КьалъэкІэр яхьумэну къагъэна уардэр[5] кІуэрыкІуэм тету ирахри, пщым и унагъуэр гъэру яубыдащ. КьызрикІуа гъуэгум, кІуажи, кІали, жьили къамыгъанэу, яхуэзтекъутэр щІэзтракъутащ, ягъэсащ, цІыкІуэхэр зэтрауакІэурэ кьыкІуэцІрыкІащ. Мис мыпхуэдэу къаущыхьурэ, бзылъхугъэхэр ядыгъу иджы, - и дамэр дригъэуеящ Хьэщацэ.

- Нэрыкъ дыкъыщыщыхьхьам щыгъаэ абы зыми зыри хищІыкІыртэкъым. Иджы еплъ... - и куэм тоуэри, кьытехьауэ и щхьэр егъэкІэрахьуэ Мэчанэ.

- Нэжьгъущыдзэр кьыззрыкІуэцІрыкІым и хъыбар намыхьэсыжауэ пІэрэ алыджхэм я деж? - щІоупщІэ Атисэ, бжэр дамэдзаэ ищІауэ, щІэплъурэ.

- Хэралым дыкъыззэрихьар ищІэми, дыкъыззрыблэгъам зыри хищІыкІыркъым. Мэз защІэкІэ дыкъыкІуэцІрыкІащ, - шэч къытримыхьэу жеІэ Мэчанэ.

- СщІэркъым сыт хуэдэ гъуэгукІэ фыкъэкІуами, ауэ сэ фи хъыбар кхрахьэкІыу зэхэсхакъым. ЦІыхуэхэр шынащи зекІуэжыркъым, езы алыджхэраци, я ныбэр из ихуэмыщІыкІыр нэхъей, гъэтІылъыгъэхэр зэграшхьыхь, ефэешхэр зэпыуркъым. БыдапІэми я гъэтІылъыгъэхэр яухауэ къыщІэкІынущ: пщафІэхэр гузэвэху, лъэІуакІэуэ къагъакІуэурэ, жьилэм диІэІамэ хах. Хьэтыдзэр кьэралым и гъунэм щІэІэщ. Иджыпсту щІымахуэщ, гъэуганэр жьлэзыри, мазэ пІалъэ щІэлъщ къапащхьэм къэсхыжьым. Апщондзэу я къару кьыІэзрагъэпэщщэк хъунщ алыджхэми, - зи гугъу щІэ зэрыпхъуакІэхэр фІэгугъыкІыгъуэу и нэІур зэхиуКІащ Хьэщацэ.

Удынэ тэлайрэ мэгупсысэри, пщащэм зыхуегъаэз:

- Жьыжьэ къалащхьэр?

- Лъэсу махуэ гъуэгуанэ дэлъщ. ИпщэкІэ ЕхмэІ, угъуэщэнукъым. Пэжми пщІыми сщІэркъым, ауэ Хьэтуссилэ и щхьэгъусэ нэхъыщхьэр - ди гуащэшхуэр - алыджхэм я пщым пщафІэ ищыжауэ, Іэнэзехьэу зыщхьэщигъэту жаІэ. Гуащэм а псори щІишэчыжьр тхьэм ещІэ. Ауэ мы дунейм теткъым ар, зытегуэзвыхь гуэркІэ къэмыувыІэмэ, апхуэдэ напэтехыр и фэ диІэкъуэу зэрызигъэпсэун! Тутхъэлий и щтэращтхэмрэ бын нэхъыщІэхэмрэ зэтрауКІэнкІэ къыгъэшынэу арагъэнущ.

- ГурыІуэгъуэщ. Арат зэхэсхыну сызыхуейр. ДыкъэзыкъэлъыкІуэри ар дыдэрщ. Еуэ-тІэ, нанэр щІэдвгъалъхьи, девгъажьэ. Догувэ, абы фІэкІмэ, - жи Удынэ.

* * *

Удым и удыгъэракъэ и Іэщэ нэхъыщхьэри. Нэжьгъущыдзэр зэрыщыту кьуэкІыпІэм намышэсмэ, къызытекІухьам мыхьэнэ зэримыІэжыр къагурыІуэри, джатэ кьихакІэ алыджхэм япэщІэуВэу зыкърамагъэуКІыу, бзаджащэгъэкІэ яхуэуукІыр хагъэщІыну траухуат Удынэрэ Мэчанэрэ. Абы папщІэ, ныбжькІэ нэхъ щІалэІуэу хъыджэбз зыбжанэ нэрыбгейкъэм къыхащыпыкІщ, кьыззрыгуэкІ пщащэу къахуапэщ, гущхьэдзэу хэзт лІыжь гъуэ къыхуащІри, шыгум кърагъэтІысхьащ. Мэуэт гуащэмрэ нэжьгъущыдзэм и гуаэзэмрэ сытхуэ жамыІами, Хьэщацэ яфІэкІуащ нэрыбгейкъэм ящІыгъуу.

- Мы хъыджэбзхэм ягуэ я щхьэрэ зэрызэтелъыр уолъагъу, я зыІыгъыкІэмкІи къыбощІэ кьызэрыгуэкІ пщащэу зэрыщІымытхэр. Щтарэ зэщІэкІзэызэу зы яхрырет, - Атисэ щыжиІэм, унафэщІэкІэр арэзы хьуащ.

- Фэ езым фощІэж фщІэнур... Фызэрынэсу, Дэдей къэвгъуэтри, ди Іуэху зыІутыр кьыгурыІагъаІуэ, - жеІэри, Удынэ чысэ зырыз кьаІэщІелъхьэ нэрыбгейкъэм. - Зым лъэмыкІми, фязыхэзым мыр гуащэм Іэрывгъэхьэ. ЗэхэщІыкІыгъуэу жефІэ, дзыхь зыхуищІхэм яІэригъэхьэу, быдапІэм шыуану кьыщагъэкъуалъэм тІэкІу-тІэкІу хакІутэну. Нэхьыбэ зыІухуэр игъэлІэнущ, нэхъ мащІэ зышхьр жейм зэрихьэу, зыри кьыгурымыІуэжу тэлайкІэ щытынущ. ЦІхьэхьым пигъэхур пьуащ, адрейхэр дуКІ-ну аращи, фпъэкІ ящ ЗЗМЫГЪАНЭ. Пщым и унагъуэр зэрыфхъумэным яужь фит. ЦІхьэхьр алыджхэм яІуху ноужь, чэщанэм и щхьэ дыдэм мафІэшхуэ щыфщІ. Махуэу фыкъэзэфІэкІмэ, Іугъуэ фІыщІэ вгъэу. АбыкІэ къэтщІэнущ дынежьэн зэрыхуейр. Сыфщогугъ хъыджэбзхэ! СынывольэІу, зэи хуэмыдэжу набдзэгубдзапІэуэ фыщыт, фызэрыІыгъ.

Нэрыбгейкэм я щхьэхэр ящІри, лІыжьым шхуэмылакІэр шыбгым триутхыпщІащ.

* * *

Мывэ хужькІэ къещІэкІаІуэ щыта быдапІэм и дыхьэпІэр зэхэкъутарэ мывэ асльэныжьхэр кьэчаеу апхуэдэт. МафІэс шынагъуэ зэрыщыщІам и щхьэзту, блынхэр екІуэкІыу кІэгъуэсэт, щыдагъэ къракІыхри, бжэ абрагъуэр ягъэсащи, яжьэу кьелъэлъэхьжьауэ, быдапІэм жьыуейр щызэпреху.

- Дахащэу щыта Хьэтуссэм лейуэ къытехьам еплъ! Хьэщхьэвыльэщ мыхэр. ЦІыхуГъи щІы-ящІэлъкъым. БыдэщІэм и пІэкІэ дела гьн ефэу къэтэджа нэхьей, щыхуІейщ алыджхэр, - и щхьэр игъэкІэрахьэрри, и щІыбагъ кьыдэсхэм ІахуеплъэкІащ гущхьэдзэщ. - Фысакъ, тхьэмыщІэкІ щІыкІуэх! Фысакъ!

Шынэми гузавэми хузэкІ нэрыбгей ябгэхэм а псальэхэр зыуи кьаззрыщыІмыхуам щыщхьэу мыщІ лІыжьым фІэгугъэныхьт зыми щІымыщу мы зэхэвзэхэжьэм зэкІуэдэну кьыщхьэу пщащэ тхьэІуХуд цІыкІуХэр. Щыгум бэІуТІэІуНщэу ис бзылъхугъэхэм ящьщ зы лІыжьым кьыхуеплъэкІри, гуапэу пыгуфІыкІащ.

- ХьумакІуэхэм даІэрыгъэхьи, адэкІэ зыгуэр дыхьунщ, ди адэ! - гъунэгъу дыдэ зыхуэхьуа дыхьэпІэ абрагъуэр зэпиплъыхьу жиІащ абы.

- КъыІэзАІуэ, уигу иубыдэ жьысІэр! - Хьэщацэ дежкІэ епльэкІащ нэрыбгейкэм ящьщ зыр. - Уи ягъэкІэ мы Іуэхур зэхэзэрыхьмэ, си Іэкіэ уэтхьэлэнщ, уи пІэм уизмыгъэкІыу! КьыбгурыІуакъэ?! ДыззрызэгурыІуам утемыкІ. Сыт къэхьахъуам, сыт кьыдамыщІам, лей жьмыІэ!

Хьэщацэ нэрыбгейм и нэгум хуиту иплъэри, и щхьэр ищІащ.

- КъызэтеувыІэт! - и Іэр иІэтри, шыгум кьыпежьащ хъумакІуэхэм ящьщ зы. - Сыт къапшэр?

- ИщхьэрэкІэ щыІэ жьлэм хъыджэбз зыбжанэ къыдэнащ щхьэзакъуэ дыдэу. Шхыни гъэсынпхъэ кьаІэщІэухащи, сфІэпсэкІуэдщ. Ди пщым игу дыхьэмэ, лей къатехьэнкъым жьзоІэ, - Удынэ кьызззригъэІущам хуэдэу жэуап итащ гущхьэдзэсым.

- Арамэ, фыкъыдыхьэ. Пщым цІыхубзыр и пэрыхьэтщ, ауэ дэри куэд дохьу, - и гъусэхэм захуигъаззри, ину дыхьэшхащ алыджкІыкъэр. - ЩІэфщІыкІт шыгур!

Къэрэгъулхэм шыгумрэ пщащэхэмрэ къыщащІыгъэм, яызызым жиІащ:

- Шэщым щІэсу япІаеу ара мыхэр? Сыту мэ Іей къахихрэ! МодэкІэ, пщафІэхэр здэщІыпмкІэ шэ заншІэу. Абыхэм фагъэльагъунщ зыгъэпсКІыпІэр. Армыхьэу, ди пщым и пащхьэ тепльаджэрэ бамэр кьыщфкІуэЦІицэцІыкІыу фиувэмэ, фэри дэри дыкъемылын!

Нэрыбгейхэри арат зыхуеиххэр.

- Мы делэ гупым ефэнрэ бэгъуэнрэ фІэкІа Іэзку ямыІэу зэхэсщ. Дызэрыщымыгугъам хуэдэу, ди Іуэхур тынш хъуну къысщохьу... Нэжьгъущыдзэр къаззрекІуэсами щыщ хащыцкІыркъым. АфІэкІа гупсысэубгъэдэмылъу дауэхъэралмуузэрытеуэнур?! - игъэщІэгъуащ нэрыбгейхэм ящыщ зым.

- ЩІэху! - нэщхькІэ къыхуеплъэкІащ абы нэгъуэщІ зы.

- Дызэрынсу Іэущэр быдэуэгъэр, щІэзыхьыр Іэрыдогъэхьэ. Ауэ пщым и пащхьэ драмышэу хъунчхъым икІэщІыпІэкІэ. ХьэщхьэзыщІэхэм къытхэплъэн хуэдэу дыщІашамэ, дыкъэкІат, - ІущащІащ ещанэр.

Гуащэр пхуэгъэгъуэщэнутэкъым... Зэпымычу зыгуэр ищІэми, Іэлъэщ! фыщІафэр щІэпхыкІарэ, лъэныкъуэщІыІу[6] гъуабжэм нэхъыщхьэ щыщмыгъэми, и зыІыгъыкІэмкІэ, и пльэкІэмкІэ, псори кьыщІэзредаІэмкІэ ар зэрыгуащэр наІуэт. Дуней псом зи цІэр кьыщащІыху Хьэтуссилэ пщышхуэм и быдапІэм алыджхэр щепсыхарэ унагъуэм цІыхубзу исыр унэІут ящІыжауэ, Атэрысрэ дззэшэхэмрэ яхуэпщафІэу, яхуэІэбэу кьрахуэкІыу ирихьэлІащ нэрыбгейхэр.

Апхуэдэ напэтехрэ икІагъэрэ зышэчауэ зы гуащэ дыкІэм тету кьыщІэкІынтэкъым. Арами, зиІыгът. Зыгуэрым ежьэрт, гугъэрт. Ауэ, гуащэм и нэпсхэр ящышІакъым, «ищхьэрэкІэ ЦІыкІуэхэм» зыкъыхуаІэрашэ тхьэмыщкІэ ЦІыкІуэхэм» зыкъыхуаІэрашэ, кьызыкІэлъыкІуа дыдэр щыхуаІуатэм. Щ1ыдэр щыпхъмыкІакІэ, кьэнэжьр Іэпщэрат.

(КъыкІэлъыкІуэнущ).

ПСАЛЪЭГЪЭНАХУЭ

[1]**Рыгуэ** - щхьэл.
[2]**Лъынтхуэкъъэпс** - капиллярыІ.
[3]**Цьіпэхъу** - цы пхъашэ. Грубая жесткая шерсть, щетина.
[4]**Бгъунэрыщщэ** - диагональ.
[5]**Уардэ** - мыбдеж - полк.
[6]**ЛъэныкъуэщІыІу** - пасэрей бостей, и щІыІуэр зыкъыкІуэкІэ екьэкІаУэ.
[7]**Лэдэх** - бородзка, бороздка от морщины.
[8]**Гухъунэ** - бокал.
[9]**Дыгъэрыс** - загар.
[10]**Апс** - поднос.
[11]**Хъандырэ** - кьуит1 зытет кхъущыкІ быхъу лъахъшэ.

КЪАНЫКЪУЭ Анфисэ

Чэрэчэ

Тхьдэ роман. Ещанэ Іыхьэ

Мэуэтхэр ащырхэм йобгъэрыкІуэ.

Зэманыр Іуэхукіэ зыгъэнщіа щіэныгъэлі Мафіэдз Сэрэбий 85

Ди республикэм и щэнхабзэ зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщіа, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щіэныгъэлі щыпкъэ, егъэджакіуэ Іэзэ, тхакіуэ цІэрыІуэ Мафіэдз Сэрэбий Хьэжмэтсафэ и къуэр зи зэфІэкІ лъагэхэмкІэ ди щІэналъэми хамэ щыпІэхэми цІэрыІуэ щыхъуа лъэпкъ еджагъэшхуэхэм ящыщщ. КъБР-м щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, КъБР-м щІэныгъэмрэ литературэмкІэ и Къэрал саугъэтыр зрата, УФ-м и ТхакІуэхэм я союзым хэт, тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор МафІэдзым и къалэмыпэм къыпыкІащ щІэныгъэкъэхутэныгъэ лэжьакІуэ, литературэ тхыгъэуэ куэд дыдэ. Псэужамэ, щІыШылэм и 23-м абы и ныбжьыр илъэс 85-рэ ирикъунут.

КъБР-м и Аруан щІыналъэм хыхьэ Джэрмэншык къуажэм 1935 гъэм къыщалъхуащ Мафіэдз Сэрэбий. Адыгэ хабзэрэ нэмысрэ щызекІуэ, ахэр щытепщэ унагъуэ зэтетым щапІащ ар. Сэрэбий унагъуэшхуэм я бын пажэт. Абы нэмыщІ адэ-анэм иджыри яІэт щІалищрэ зы хъыджэбзэрэ. Нэхъыжьхъэм щІыблэм ирагъэлъагъу щапхъэ дахэрт унагъуэр зэтезыІыгъэр. Абы иС дэтхэнэми ящІэрт хэт сыт хуэдэ къаІэн, увыпІэ, тІысыпІэ къалъысым. Бын пІыным, гъэсэным мыхьэнэшхуэ езыт нэхъыжьхэр егъэлеяуэ щІыху щыпкъат, набдзэгубдзапІэт, я ущиеми Іэхуми акъыл хэлът. Ахэр зи щапхъэ сабийхэри жыІэщІэу, Іэдэбагъ яхэлъу къэхъурт.

Зи сабиигъуэр зауэ зэман гугъэм хиубыда Мафіэдзыр щІэныгъэм хуэнэхъуеинШэу къэхъуащ. ЩІэкъм дэт курыт школыр екъулІэныгъэкІэ кІыуха нэужь, щІалэщІэр щІэтІысхьащ Налшык дэт педагогикэ еджапІэм. Еджэныр 1954 гъэм хъарзынэу зэфІихри, МафІэдзым я кІуачэм кІыригъэзэжащ икІи абы дэт школым и пэщІэдзэ классхэм я егъэджакІуэу лэжьэн щыщІидзащ. Лэжьыгъэм тэмэму хэзэгъэ, Сэрэбий щІэхъуэпсэрт и Іэщіагъэмкіэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэтыну. А мурадыр и гъэзгъэпэльагъуэу, ар, зэрылажьэм хуэдэуэ, щІэтІысхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и тхыдэ-филологие къудамэм. ЩІэныгъэ нэхъыщхьэ зэзыгъэгъуэта Іэщіагъэлім иужькІэ илъэс зыбжанэкІэ ирагъэкІуэкІыжащ литературэмрэ ныбжьыщІэхэм яригъэджащ.

ЕгъэджакІуэ Іэщіагъэм кІыІуэлъэпкъым и щэнхабзэ щІэныгъэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщіа, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІэныгъэлі щыпкъэ, егъэджакІуэ Іэзэ, тхакІуэ цІэрыІуэ Мафіэдз Сэрэбий Хьэжмэтсафэ и къуэр зи зэфІэкІ лъагэхэмкІэ ди щІэналъэми хамэ щыпІэхэми цІэрыІуэ щыхъуа лъэпкъ еджагъэшхуэхэм ящыщщ. КъБР-м щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, КъБР-м щІэныгъэмрэ литературэмкІэ и Къэрал саугъэтыр зрата, УФ-м и ТхакІуэхэм я союзым хэт, тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор МафІэдзым и къалэмыпэм къыпыкІащ щІэныгъэкъэхутэныгъэ лэжьакІуэ, литературэ тхыгъэуэ куэд дыдэ. Псэужамэ, щІыШылэм и 23-м абы и ныбжьыр илъэс 85-рэ ирикъунут.

Адыгэ лъэпкъым хьэлэлу хуэлэжьа



Мафіэдз Сэрэбий

хуаІъхуауэ жыхуаІэхэм ящыщт щІалэщІэр. Школыр я унэм пэгъунэгъути, абы ныбжьыщІэкэр щІэк-щІэкъыуэ я деж ишэрт, зэгъуэсэу бзэм, литературэм елэжьхэрт, дерсым щаджа темэщІэхэр щІагъэбыдэжырт. Апхуэдэу ар еджакІуэхэм яхутепсэлъыхьырт адыгэм кІыкІуа тхыдэ гъуэгуанэм, абы зэрихьэу щыта хабзэхэм, ди нобэм къэссахэм. Апхуэдэурэ ахэри дриГъэхъэхырт езым псэкІэ пэгъунэгъу къэхутэныгъэм. Лъэпкъ хабзэм екъэлІа дэтхэнэ Іуэхуми хуэнабдзэгубдзапІэт Сэрэбий, ар жылагъуэ Іуэху е унагъуэ зэхущытыкІэ ерехъу. Абы кІыхьэкІыу абы гъащІэм щигъэнэхъщІыхь дыдэхэм ящыщт пэжыгъэр, щІыхугъэ лъагэр, ныбжьэгъуГэр. КъыщІэхъуэ щІэблэрэ а лъапІэныгъэхэм зэрыщІипІыкІыным сыт щыгъуи хущІэкъурт ар.

ЩІэблэм лъэпкъ гъэсэныгъэ етыным мыхьэнэшхуэ езыт егъэджакІуэ, ущиякІуэ гумызагъэм фІыуэ къыгурыІуэрт адыгэ хабзэрэ нэмыскІэ зэджэ лъэпкъ хъугъуэфІыгъуэр кууэ джын зэрыхуейр. А фІыгъуэхэм нэхъ кууэ щыгъуазэ зыхуэзыщІыну зи мурад хэкупсэр а Іуэхуэхмкіэ ар япыщІауэ щытт иужькІэ къэхутакІуэу зрагъэблагъа КъБР-м и Лъэпкъ му-

Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ и институтым этнографиемкІэ и къудамэм и зэІуціэ йокІуэкІ. *(Ижьыжьмкіэ къыщыщІэдзауэ):* **къудамэм и унафэщІ МафІэдз Сэрэбий, Кучмезовэ Марие, Асанов Юрэ, Бгъэжьнокъуэ Барэсбий, Думэн Хьэсэн, Къэжэр Валерэ, Къущхьэ Хъусен сымэ.** *1987 гъэ*

● Критикым и псалъэ

ЗэфІэкІ мыкІуэщІ зиІа

Бгъэдэлъа щІэныгъэмкІэ, и къару емыблэжу илъэс куэдкІэ ирихьэкІа къэхутэныгъэ, творческэ лэжьыгъэшхуэхэмкІэ лъэпкъ литературэми щІэныгъэми МафІэдз Сэрэбий уэрыІэ щхьэхуэ щиубыдащ. МафІэдзым и тхыгъэхэм я нэхъыбэр зытриухуэр блэкІа гъащІэрщ. И лъэпкъым и тхыдэр къеІуэ зэфІигъэувэжыныр абы къыщІыхихри гурыІуэгъуэщ. Япэрауэ, и Іэщіагъэ зэрыхъуам и фІыгъэкІэ, тхакІуэр абы фІыуэ щыгъуазэщ, етІуанэрауэ, адрейхэм я Іэ здынэмыса, гъэщІэгъуэнагъ зыхьэлъ къэхъугъэ куэд и щхьэкІэ абы къыщигуэтащ.

АдыГэ хабзэм, сабий джэгуКІэхэм зи гугъу щыща и лэжьыгъэхэмрэ блэкІа гъащІэр щІэзэфІэгъэувэжа и рассказ щхьэхуэхэмрэ я гугъу умыщІми, пасэрей лъэпкъ псэукІэр абы къызэрилъэуІуищІэфым, псэм дыхьэу, гум ежалІэу ар къызэригъэпльэгъуэжьыфым и щыхьэт наІуэщ Мафіэдз Сэрэбий и тхыдэ повестхэр («ЩІакІуэ фІыщІэ», «Шыдыгъу»). ГъащІэ блэкІам и пэжыр зи лъабжьэ, егъэлеиныгъэ зыхэмыт, зи гупсысэкІэкІи, Іуэху епльыкІэкІи, хьэл-щэнкІи зэманым екІуу, тхыльеджэм гукъинэ щыхъу лІыхъужьхэр зыхэт а тхыгъэхэр тхакІуэм и ехьулІэныгъэу зэрыщытым шэч хэлъкъым, зытетхыхь, фІыуэ зыхищІыкІ Іуэхуэхр къыззригъуэтари абы егъэбелджылы. Зи зэфІэкІым къигъэгубэ тхакІуэм, зыми фІэмылІыкІыу, адыгэ тхыдэм теухуа и ящэ романыр, Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща «Гъыбзэ хуэфащэт» жьыхиІэр, къыдегъэкІ. Куэд дэмыкІыуи абы къыкІэльокІуэ «Мыщэ лъэбжьанэр». А романыр адыгэ прозэм и хэлъхьэныгъэ хьэлэмэтщ. ТхакІуэм хуэзфІэкІащ лъэпкъым и гъащІэ блэкІар пэжу зэфІигъэувэжьи, щыгъ, бзыщІрэ щІэхъуэмэрэ хэмылъу къигъэлъэгъуэжьи.

Пасэрей лъэпкъ гъащІэм тетхыхь дэтхэнэ зым и дежкІи гугъуехьышхуэхэр пылъщ лІэщІыгъуэ зэкІэлъыкІуэхэм зи гугъу ищІынур тэмэму кІыхьэхыным, щІыхубэм я гъащІэм мыхьэнэшхуэ щІэзиІэ лІэхъхэнэ нэхъ ткІийкэр къэхутэным. И лъэпкъым, и тхыдэм кууэ хэзыщІыкІ тхакІуэм апхуэдэ илъэс псэзэпылъхьэпІэхэр кІихутэфащ. А тхыгъэмтІым зи гугъу щищІа зэманхэр зэпэмыжыжьэми, ахэр зытеуха я языхэзри къэбэрдейхэм я гъащІэм щыщ нэхъ илъэс шынагъуэхэу щытащ. Япэ романым зи гугъу щищІар XVIII лІэщІыгъуэм Урысейм бгырысхэр жыІэдаІуэ ищІыну, лъэщыгъэкІэ и лъабжьэм щигъэувэну яужь щихьрщ. ЕтІуанэ тхылъым къыщыгъэлъэгъуэжар XIX лІэщІыгъуэм и пэщІэдзэ дыдэхэм Къэбэрдейм и щхьэхуитыныгъэр щыгІэкІуэдарщ, абы и кІуачэ 300-м нэблагъэм лъапсэрыхьыр къыщыхуягъэкІуа илъэс шынагъуэхэрщ.

ТхакІуэм и романхэм я мыхьэнэр, я пщІэр, я екъулІэныгъэр еІэт адыгэхэм лІэщІыгъуэ псокІэ ирагъэкІуэкІа лъэпкъым и пэжыр, и щыткІэ нэсыр, и екІуэкІыкІа дыдэр, кІэ зимыІэж а зауаем и бэлыхьэр зи фэм дэкІа лъэпкъым и цІыху къэмылэнджэжхэм къакъуэкІа лІыгъэр къыззригъэлъэгъуам. Апхуэдэу, МафІэдзым наІуэ къыщІыфащ цІыхухэм я лъаэм, щхьэхуитыныгъэм лъагъуныгъэ къабзэ хуаІар, хьэл-щэн тельыджэ яхэлъэкэр, зи хэкур зрагъэбгынахэри, зи аджэь щІынальэм кьинакэри зэрыпхъуакІуэ гущІэгъэншэхэм лъэгуажьэмыщхьэу зэрахуэмыгъэувар, я псэм и пэ я пщІэмрэ я щІыхьымрэ ирагъэувэу хамэ щІыпІэ кьикІа зэрыпхъуакІуэхэм зэрапэщІэтар.

Иужь илъэсхэм ди къэралым щекІуэкІа зэхъуэкІыныгъэхэм я фІыгъэкІэ иджы пэжыр жыпІэ мэхъу. Пасэм къыщэкІа тхыгъэхэм къащхьэщыкІыу мы романхэм лъэпкъым и цІыхухэр лІэнкъэнэну зэпэщІэт гупитІу щызэпэгъэувакъым, шым тхъупсыр къеГъэжэхамэ, адрейм фІыщІагъэ фІэкІа ядумыІэтарэуу гъэпсакъым, сыт хуэдэ социальнэ гупым хэмытми, абыхэм яязыхэми и пщІэр къэзэрилъытэр и лъахэм, кьыдалъхуахэм зэрыхущытырыщ. лІыгъэ, цІыхугъэ, зэфІэкІ, хьэл-щэн бгъэдэлъхэрщ. ГъащІэм къыщыхьу Іэхухэр тхакІуэм къызэригъэлъагъуэр тхыгъэм хэт лІыхъужьхэм епхаузщ. А тІури апхуэдизкІэ быдэу зи гугъу тщІы тхыгъэхэм щызэпыщІащи, зым зыр къыпхущъхьэщІыгъэкІыркъым, апхуэдэу зэрызэгъэбыдылІами тхыгъэхэм ящІэльэ гупсысэхэр нэхъ куу, наІуэ ищІащ.

МафІэдз Сэрэбий Іэзагъ нэс зэрИам и щхьэгъащ зэмыщхь, зэхуэмыдэ, лІыхъужь гъэщІэгъуэн зыбжанэ (Бэгъэуш, Джырандыкъуэ, ХьэщІэмахуэ, Бильостэн) а тхыгъэхэм зэрыщыщзэфІэгъэувар. Абыхэм языхэзри тхакІуэм цІыху щхьэхуэ, пыухыкІа ищІынур хузэфІэкІащ, зыщІипсэу зэманым и нэпкъыжьэ белджылы абыхэм ятелъщ. Ахэр зыгъэпІейтей гурыль-гурыщІэхэр сэтей къащІащ, псэлъэкІэ щхьэхуэ, хьэлщэн пыухыкІа яІэжщ. Адыгэ тхыдэр щызэфІэгъэувэжа а тхыгъэхэм я мыхьэнэр пхужымыІэну инщ.

Сыт хуэдизу адыгэ тхыдэм имытхьэкъуми, МафІэдзым дежкІэ ар гъэпщкІупІэкъым, абы къыдэкІуэуи, иджыпей гъащІэри гулъытэнщэу абы къигъанэркъым. ТхакІуэм къыгуроІуэ, сыт хуэдизу ар мыгугъуми, нобэрей гъащІэр, зыхэт зэманыр литературэм Іэмал имыІэу къигъэлъэгъуэн зэрыхуейр. Сэрэбий ар куууэ къыззригъаІам, Іуэху нэхъыщхьэхэр къихутэф, кьыхуубыдыкІыф зэрыхъуам, Іэщ1ыб ари зэримыщІам и щыхьэтщ 1998 - 2004 гъэхэм абы и Іэдакъэ къыщІэкІауэ щыта тхыгъэ гъэщІэгъэнэхэр.

Хъэрыпт псалъэжьым зэрыщыжьІамкІэ, дэтхэнэ зы цІыхухри «игъащІэкІэ псэун хуэдэу лэжьэн, пщэдей дунейм екъыжьи ядэуэри псэун» хуейщ. А лъэпкъ Іущыгъэм къыщыІуэта гупсысэм тету МафІэдз Сэрэбий зэрылажьами зэрыпсэуами шэч хэлъкъым. ЩІэныгъэлІ гъэзэджэм, тхакІуэ щэджащэм апхуэдэ пщІэ хэха щыхуэтщІри, и гугъуехь хьэлэлкІэ кьилэжьа лъэпкъ лъагъныгъэр щІигъуэтари ирагъ.

ХЬЭКІУАЩЭ Андрей,
филологие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩІДАА-м и академик.

Тхьэр зыхуэупса

Сэрэбий, сэ къыззэрыщыхъужькІэ, цІыхур гъэсэным, ущиниым, фІымрэ Іеймрэ зэщхьэщыхьфу къэгъэхъуным хуэгъэпса, хуэлажьэ тхакІуэщ. Пэжщ, абы уриззэдауэ хъунущ: литературэм и къалэн пажэхэм ящыщ гъэсэныгъэмрэ ущиниигъэмрэ? АтІэми, къысщохъу а къалэныр литературэр зыгъэпудэкъм пхуахэмыбжэну. Псом хуэмыдэжу ар щхьэпэщ а литературэр къызыхуагъэщІыж лъэпкъыр апхуэдэм щыхуэныкъуэм, щыхуэпабгъэм дэж.

АдыГэр нобэкъым ГъащІэм и гъэзгущхьибл зэблэкІыпІэм къыщытехутар. Зи тхыдэр хьэмкІэшыгупхэм ещхь ди лъэпкъым хуэдэ къыхудэкІащ а гъэгущхьибл зэблэкІыпІэм щтэІащтабгъэ тетыныр. АтІэми, нобэ хуэдэу ар зэи гугъупІэ дыдэм иуваУэ къыщІэкІынукъым. Хэкум и фІыпІэр имыІэжрэ цІырхъ дыдэу къэна ди лъэпкъым дежкІэ хуабжьу гугъущ мы дуней зэхэвэзэхэжьэм хэмылкуадэрэ и бзэр и бзэу, и хабзэр и хабзэу, и щэнхабзэр и щэнхабзэу зыкъригъэлъыныр. АтІэми, зи щхьэ пщІэ хуэзыщІыжьк тхакІуэми а къалэныр лъэпкъым тетэтыкІыныр нэхъапэ дыдэу къыпІоС.

Си гугъущ а къалэным Сэрэбий хуэпэжу, ар гъэзэщІэнри хъарзынэу кьехъулІэу.

ТхакІуэ Іэзагъым нэмыщІ, МафІэдзым ТхЬэр къыхуэупсащ нэгъуащІ зы фІыгъуэшхуэкІи - щІэныгъэлІым, къэхутакІуэм и зэфІэкІыр къыхилъхьащ, нэгъуащІу жьлІэмэ, тхыдэтхщ, дэ иджыпсту нэхъ дыдэ щІэныгъэ хабзэм и блэкІамрэ и нобэмрэ - тегъэпсыхьащ и лэжьыгъэр. ЗэпэщІэуэ мыхъуу, хъарзынэу зозэгъ Сэрэбий зыхуэщІа а ІуэхугъуитІыр - тхакІуэмрэ къэхутакІуэмрэ.

ІУТІЫЖ Борис,
Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубз тхакІуэ. 2005 гъэ.

И унагъуэр и гъусэу. *1996 гъэ.*

Нэщэнэхэмрэ къалэнхэмрэ

МафІэдзым и тхылъхэр иджыри поплъэ зэпкърызыхьыфи, тхакІуэм ди литературэм щиІыгъ увыпІэр зыхуэдэр къэзыхутэфын, абы и лэжьыгъэм хуэфащэ пщІэ хуэзыщІыфын критик набдзэгубдзапІэ.

СЭРЭБИЙ и къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм сэр нэхъ я нэхъыфІу щыгъуазэ щІэныгъэлІхэр тепсэлъыхьыну къыщІэкІынщ, тхакІуэм и художественнэ тхыгъэхэми ар яхуэфащэщ, «ЩІакІуэ фІыщІэ» повестым, псалъэм папщІэ.

Къалэмымрэ тхылъымпІэмрэ зэхуэпхьын папщІэ фІыуэ пщІэн хуэвІащ узытепсэлъыхьыну зэманым и нэщэнхэр, абы щыгъуэ лъэпкъым къыпэщыта къалэн нэхъыщхьэхэр, нэгъуащІхэри. МафІэдзым а псоми фІыуэ щыгъуазэ зищІауэщ мы повестыр щитхар. Абы гу лъымытэнкІэ Іэмал иІэкъым. Аращ зытепсэлъыхьыр ІупщІу уи нэгум къыщІигъэхьэн щІыхузэфІэкІари. ТхакІуэм дегъэлъагъу, а лъэхъэнэм - кърым тэтэрхэм ди хэкур кІуапІэ щащІам - адыгэхэм я лъаэр, я лъэпкъыр, я напэр щахъумэжьн мазхуэ ихуэу, щІакІуэ фІыщІэм и кІапэм къэмыдзыхэу зэрытеувар.

Повестым драмэ Іуэху куэд щокІуэкІ, ауэ зытепсэлъыхьыр тхакІуэм апхуэдизкІэ ІупщІу кьегъэлъагъуэри, а псори уи нэгу щІэкІа хуэдэу къыщІегъэхъуф. Ди нэгу щІокІ зауэр, ар щызэпыум щІыхухэм зэрагъэкІуэкІ, гуауэ къыщылъыкъуэкІым, щыгуфІэм, хьэгъуэлІыгъуэ щІэм хабзэрэ яхэлъар, езыхэм яку дэпІ зэхущытыкІэхэр, нэгъуащІхэри.

ТХЬЭГЪЭЗИТ Зубер,
Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубз усакІуэ.

Напэкіуэціыр зыгъэхьэзырар **ЖЫЛАСЭ Маритэщ.**

● Фэеплъ

Лъэпкъылі

МафІэдз Сэрэбийрэ дэрэ дызэрызэдэлажьам хуэдиз дуней гъащІэу зимыІар Іэджэщ. Ипэкіэ дызэрыщІыхуу зэрыщытам нэмыщІ, дэ илъэс щэщІрэ илъэситкІэ зы Іуэхущ1апІэ дызэдыІутащ. Ди япэ итахэм зэрыжаІэу щытащи, цІыхур дунейм щытекІуэдыкІыжьыр и хъыбаррэ и Іуэхущ1афэрэ щытемытыжьым дежщ. Зи щІы Іыхь зыгъэутыжа псори ІІам щІыхамытыгъэ аращ. Сэ хьэкъуу си фІэщ мэхъу Сэрэбий нобэми и дуней Іыхьэр зэримыуэр, сыту жьлІэмэ, абы и Іэдакъэ къыщІэкІа тхыгъэу къэнахэр, Іуэхущ1афэу дэтлъэгъуауэ тщІэжхэр, псалъэу къызэринэкІаХэр иджыри зэман кІыхькІэ псэууэ мы дунейм тетхэм яхуэщъхьэпэнущ.

СЭРЭБИЙ и Іэдакъэ къыщІэкІар шыбгъэм къиплъхьэныр куэду щхьэзэрыгъажэ ищІу щытауэ зыгурэхэм жаІэ. Сэ сыхуэзакъым яубу зыфІэфІ щІыху. Дэтхэнэ зыми и жагъуэ мэхъу и щыуагъэ нэхъ наІуэри щебгъэльагъужкІэ. Ауэ и щыуагъэр къызыгурыІуэжу фІыщІэ къыпхуэзыщІыф, зэзыгъэзэхуэжьиф щыІэщ, щыІэщ щыдым хуэдэу зизыгъанэу иукъуэдиям темыкІи. Пэжщ, Сэрэбий зэ зытриубыдам щІыкІуфэкІуКІэ къыпхутегъэкІыу щытакъым. Сытщхьэкіи къыпхутекІынт, - и Іуэху зыгуэрым трищІыкъыным ипэкІэ, ар Іэмал имыІэу куэдрэ гупсысэнт, чэнджэщэнт, кІуэкІэ лІэужьыгъуэу щыІэр зэпишэчынут. Пэжщ, апхуэдизым и ужькІи щІыуэным хуэІуэ щыІэкъым, ауэ абыр нэуфІыщІыкъэрыІуэу Іуэхуэр щыпщІэмрэ зэхуэдэ хъун сытми: фІыуэ уэзгупсысам, акъылкІэ зыкъомрэ зэбгъэзэхуам уи псэм щыщ хэпІухьа мэхъури, абы укъытешыгъуейщ. А уэ зэпэпІыуэ псори зигу къэмыкІауэ, лъэныкъуэкІэ къэуварэ, ильагъум фІэкІа хэзымыщІыкІыу кьыпфІэщІым и жьлІэ уи гупсысэр къэбгъэнэгъуейщ.

ИтІанэми сэ си щхьэкІэ си нэгу щІэкІар жьсІэжьну сфІэщІыгъуэщ. А критикэр зыфІэмыфІу жьыхуэпІэн МафІэдз Сэрэбий зэгуэрым си деж ныщІокъэ, Іуэху сиІэщ, жиІэу.

- Сыт сэ укъызэрысщІигучьын Іуэхуу щыІэр?

- Си «Мыщэ лъэбжьанэм» уеджащ, пэжкъэ?

- Седжащ, ныбжеслаУ щытащ.

- Абы щыгъуэ жьлІар псалъэм къыдэкІуэу жьлІагъэнкІи мэхъу, иджы, и пэжыпІэкІэ, къызэрыпщыхьэр къызжькІэ, уэ зэрыжьпІэм си Іуэхур тесщІыхьынущ. Романыр зы утыку гуэр кьраЛъхьэу къагъэлъэгъуэну къызэпсалъэхэри, ихьэгъуэм деж сихьэрэ, Іэгу нэщІу сикІыжьну сыхуейкъым. Си тхэнэр си пщэ дэслъхьэжати, стхащ, абы, дауи, мыхъуа гуэри, нэхъ къызэхъулІаи хэлъу къыщІэкІынщ. Дэтхэнэ зыми уи нэр ирищІу пэжыр кьыбжиІэфыркъым: фІыуэ укъэзыльагъур къыпщосхь, укъэзымылъагъум нэхъ зэригъэзын Іэмал къепльыхьэ. ИкІи укъыщымысхь, ауэ утыку сихьэну уфІэкъабылрэ уфІэмыкъабылрэ ипэжыпІэкІэ къызэжьІэ.

Абы щыгъуэ, зэр нэмыщІ, зыгуэрхэми хуэкІуагъэнкІи хъунщ ар, хэумыкІуами сщІэркъым, ауэ тезыгъэгушхуэн псалъэ жесІэ-гъащІ икІи сыхущІегъуэжакъым. Куэд дыдэ дэмыкІыу республикэм и Къэрал саугъэтыр Сэрэбий къыхуагъэфэщауэ щытащ, а романым и фІыщІэкІэ. Арат къыщыщІэнджэщагъ.

Зэман куэд дыдэ и ужькІэ мыкІуаУэ, а роман дыдэр ярысыбзэкІэ зэдзэкІауэ нысхуехь, зэдзэкІа зэрыхъуам дэбгъэн щІыІэмэ, жеІэрэ. Абы щыгъуэми къызэрысщыхъуар жесІэгъащ, си псалъэм ипкъ иткІэ, зэхъуэкІыныгъэ гуэркэрэ хилъхьащ, фІыщІи къысхуиущІащ, гу зылъыста щыагъэхэр зэрезгъэльагъужам щхьэкІэ. Си абы нэхърэ сынэхъ Іэзэу щытатэмэ, абы романхэр имытхьу, си стхынт, ауэ сызэрыкъэхъыщІэу, езыри зэрынэхъыщІэу, зэхущытыкІ Іэмал къепльыхьэ. Ікіи уэрыщІыкъым, ауэ утыку сихьэну уфІэкъабылрэ уфІэмыкъабылрэ ипэжыпІэкІэ къызэжьІэ.

Абы щыгъуэ, зэр нэмыщІ, зыгуэрхэми хуэкІуагъэнкІи хъунщ ар, хэумыкІуами сщІэркъым, ауэ тезыгъэгушхуэн псалъэ жесІэгъащ

Экономикэ Политикэ

Махэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

Дуней гуфІэгъуэр яІэщ

● Къулыкъу

Москва областым щыІэ Лобнэ къалэм и школ №97-м Іэтауэ щагъэлъапІэ а еджапІэр къэзыуха Мишустин Михаил УФ-м и Правительствэм и УнафэщІу зэрагъэувар. А Іэуху дахэм и саулыкъкІэ мыбы щызэхуэсащ премьерыр езыгъэджахэу иджы мылэжьжэри.

- Мис арац! Къэрал Думэр арэзы техъуащ Мишустин Михаил и кандидатурэм, - къыджеІэ школым и унафэщІым и къуэдзэм.

- Фльэгъуэ ди Мишэ хуэзфІэкІар!

Къалэм щытопсэльыхь езыхэм я лъахэгър зи мыхьэнэкІэ къэралым и етІуанэ къулыкъум зэрагъэувам. Пэжщ, и сурэтыр жаІэ зэкІэ щыхьфІадзэкъым, ауэ, арыншами, ар мыбы фІыуэ къыщацІыкІ.

- Сыт фэ нэхъ жьыуэ фыкъыщІэмыкІуар? - къыдохъурджжэу школым щызэхуэсахэр. - Мыбы егъэджакІуэ псори щыІэщ.

Ауэ шэджагъуэм ирихьэлІэу псоми къагурІуааз къыщІэкІынущ зэрымыпсдагог къудейр, атІэ Премьер-министрым и егъэджакІуэхэу зэрыщытар.

ЗэрыжаІэмкІэ, Мишустин Михаил гушыІэрейщ, макъамэ уси етх. А псоми ар дихьэхыу щытащ зэрысабий лъандэрэ.

- Сытыт абы и усэхэр нэхъ щытеухуауэ щытар? - доупщІ дэ а Іэхъум нэхъ кууэр хищІыкІыу - зыкъэдгъэфащэхэм яшлиц зым.

- Лъагъуныгъэм, зэныбжьэгъугъэм, гугъапІэхэм ятеухуат.

- Сытыт зыщІэхъуэпсыр?

- ЦІыхубІ хъунущ. ЦІыхубІи хъущІ - иригушхуэу къыджеІэ Найшевэ Светланэ. - Школыр къиуха иужькІэ ар ди деж къэдгъэкІуащ. СощІэ ар ди деджапІэм зиужьныкІэ къызэрыдэІэпыкъуар. Иджыри си фІащ мэхъу, зыужьрэ-зэмэ, проект хьфІидзэу ди деж къызэрыкІуэнур.

Псоми фІыуэ яхущытт

- Хэтыт абы школым нэхъ щиныбжьыгъуар?

- Ар псоми я ныбжьэгъуащ. Ди школым щеджащ и шыпхъу нэхъыщІэри, и анэ дэпхъум и къуэри.

- Дапщэщ иужьрейуэ Мишустин Михаил фи деж щыщыІар?

- Нэгъабэ. Езэшат, хэпщІыкІырт зэрыпІейтейр. АрщхъэкІэ псоми къыщІыгуфІыкІырт. Йгу къэкІыжат ди еджапІэр къыщІухуям итха усэхэм хэт сатырхэр. Абы лъандэрэ илъэс дапщэ дэкІа! Дэ ди Мишэ хуэдэу акъылыфІэ къэгъуэтыгъуйщ.

Къулыкъ зэрыщІэтыр

- Уэ сыт хуэдэ чэнджащ ептынт къэралым щыетІуанэ хъуа цІыхум?

- ЕмыпІэщІэкІыну. Арыншами ар ихъу-ипкІкъым. Ди къэралым и цІыху псоми насыпыфІэ ирырещІ. Абы псори къехъулІэнущ. Езым и закъуэ гур илъэфыфынущ.

«Математикэр егъэджакІуэхэм нэхърэ нэхъыфІу ищІэрт»

- Си щхьэгъусэмрэ сэрэ телевизоркІэ деплъащ абы классым къыдыщІэсауэ зыгъэІу цІыхубзым Михаил ехьэжьауэ фІыуэ зэрыпсэуам и хьыбарыпцІэр жиІэу, - къыджеІэ премьеру ягъэувам и партэгъуу щыта Орехов Сергей. - Мишэ лэжьакІуэшхэущ. Абы математикэмкІэ зэфІэкІыщхэр бгъэдэлтщ. Хабгъэзыхьмэ, езым и егъэджакІуэхэм нэхърэ ар нэхъыфІу ищІэрт. И унагъэри хъарзынэщ. И анэр дохутырщ, и адэр «Шереметьево» аэропортым щылэжьащ.

И япэ Іэщ Іагъэр ухуакІуэщ

- Уэ бгъэщІэгъуэ уи партэгъуу щыта цІыхур апхуэдэ къулыкъушхуэ зэрагъэувар?

- Хьэуэ, - жиІэ къыдебгъэтыж Мишустиным къыдеджа щІалэм. - Куэд щІауэ согупсыс абы зэфІэкІыщхуэ зэрыбгъэдэлтым. Премьерыр лэжьакІуэшхуэу щытыпхъэщ. А къулыкъур зыныгъэн хуейр Іуэхум кууэ хэзыщІыкІ цІыху мыщхьэщ. Мишэ а псомкІи хуоКІуэ а Іэнатіэм. Сэри си цІыхугъэуэ Татьяни абы дриклассэгъуу щытащ икІи кьехъулІамкІэ дыхуогуфІэ. Дыхуейщ лэжьакІуэхэм нэхъ гулъытэшхуэ яхуищІыну, абыхэм пенсэ нэхъыбэ яІэрыпсынэм хущІэкъуну.

Орехов Сергей игу къызэригъэкІыжамкІэ, и япэ ахъшэхэр Мишустиным езым и пщІэнтІэпскІэ къилэжьыжащ.

ФтхылъхунущІ Мишэ и япэ Іэщ Іагъэр ухуакІуэ щытауэ. ЕбгъуанэкІ классыр къэдуха нэужь дэ зедгъэсащ блынкэр зэтетлъхьэу. Гъэмахуэм дыщылэжьащ Лобнэ щекІуэкІ ухуэнгъэхэм ящыщ щым. Унэр зэфІэдгъэуващ икІи ар иджыри къэс щытщ! Мыбдеж къышыдатащ ди гъащІэм щыляпэ дыдэ улахуэр - сом 30. Тіуми ди лэжьащІэр ди анэхэм етташ. Иджы жаІэ: «Фльэгъуэ екъулІа! Мис арац, уи насыпым къихьмэ». Зыри езыр-езыру уафэм къыхуеуухэкакъым: абы ар сыт щыгъуи лъэ быдэкІэ хуэкІуэрт! Псори зэтохуэ.

Езым и классэгъуу щытахэм Мишустиныр иджыри къэс яхуозэ

- Дэ ди классыр хуабжьу зэрыІыгъуу щытащ, - игу кьегъэкІыж Ореховэ Татьяно. - Дыщыщэхэуэ щІэкІ Мишэ уэрэд къыджиІэрт, пианинэ еуэрт.

- Хьыджэбхэм яхуэзэрэт?

- Абы хущІыхьэртэкъым: еджэн икІи сыт щыгъуи еджэн. Школыр къэдуха нэужь дэ, дауи, нэхъ мащІэрэ дызэхуэс хъуащ. Ауэ абы тІэу-щІэ дызэхуишэсащ. ИужькІэ дызэхуэзэжакъым. Псоми дихуущІыхьэркъым. Иджы абы хущІыхьэхэну къыщІэкІынукъым...

ХэІэтыкІахэр

Езым и егъэджакІуэхэм ящІыщу Мишустиным нэхъ тпэгъунэгъу дыдэр литературэмкІэ езыгъаджэрт.

Премьеру ягъэувам и класс унафэщІу щыта Чекмарёвэ Эммэ зэрыжиІэмкІэ, Мишустиным апхуэдэу гупсыІтэшхуэ хуищІырт политикэми. Мишустиным иджыри фІэкІуэдакъым литературэмкІэ езыгъэджа Барашевэ Ларисэ къыхуиІэ пыщІэнырэр. И егъэджакІуэр абы ехьэхъуат апхуэдэ къулыкъушхуэ зэрыпэрагъэувамкІэ. Жащым си сыхьэтыр екІуэкІыну жэуап къэкІуащ: «Упсэу, фІыщІэ пхузощІ!».

ГъэзэгурыкІуэу къыдыхьат

ЕгъэджакІуэ псоми ягу къинэжащ нэгъабэ Мишустиным езым и школым къызэрыкІуар.

- Абы ди къалэм налог Іэнатіэм и къудамэ къыщызэІуихат, - къеІуэтэж Чекмарёвэ Эммэ. - ГъэзэгурыкІуэу ди деж къыдыхьат. - ПщэдэІэ, жьауэ хуэдэхэр тыгъэ къытхуищІащ, хуабжьу ди гуапэ ищІащ.

ПщІэ зыхуащІ цІыху

Езы къалэмри Мишустиныр щащыгъупщакъым. Илъэс зыбжанэ ипэкІэ Лобнэ и Іэтащхьэм бгъэдэлтщ зиІэ къалэдэсым и цІэр фІищащ. Езы Михаили щыпІэ къъэм члисэ мыин щыгъэщІащ, куэбжэщІэ хригъэлъхьащ.

Мишустинхэ я унагъуэр Москва зэрыІэпхъуэжрэ куэд щІащ. Премьеры и адэ Владимир 1939 гъэм Белоруссием къыщыдалъхуащ, и анэ Пуизэ Архангельск областым щыщщ.

«Комсомольская правда» газетым тридзэ тхыгъэхэм къахэтхащ.

Тэрч зэрипх щІыналъэхэр

зэгурыІуащ абы и жапІэр ягъэкъэбзэну

● Щыуэпс

Апхуэдэ жэрдэм ящІащ Кавказ Ищхъэрэм хыхьэ щыналъэхэм я унафэщІхэм. Абыхэм я къальэтэ Тэрч зыпхъэ щыналъэхым я унафэщІхэр зэгурыІуэу мы Іуэхур федеральнэ программэм хагъэхьэн хуейуэ.

Тэрч Каспий хым нэсыху яуфІей цІыхухэм я лэжьыгъэм епха кІэрыкІуубжьэрыхухэмкІэ. «Ику ину фІейщ» е «кьанэ щымыІэу фІейщ» - зэращ псым и щытыкІэм кІэльыплъ Іэщ ІагъэлІэжм Тэрч хуагъэуэ «узыфэр».

Шэшэн Республикэм и Правительствэм и УнафэщІ Хучиев Мусльим жеІэ Тэрч хуамурадыр зэфІэкІмэ, псыр кьабзэ зэрыхъужьнур, мы щІыналъэхэм щыпсэуэхэм я экономикэми зэрыхъущхьэпэнур, псальэм папщІэ, бдзэжьей гъэхъуным зэрыдгъэзэжынур.

Іуэхуитіэ зэфІахьи хуейщ Тэрч къэгъэльэным гъэхъуным зэрыдгъэзэжынур. ЯпэрагъэкІ ящІ Іуэхуитіэ зэмыІэуужьыгъэхэм къагъэсэбэп псыр, зэлъэжьам и кІэрыхубжьэрыхур Тэрч хагъэльадзэн ипэкІэ ягъэкъэбзэн хуейщ; етІуанэрауэ, Тэрч псыхъуэм кьыбгъурыльщ щІыхэр гъэкъэбзауэ абыхэм я нэхъыбэр зыгъэпсэхупІэ щІын хуейщ.

Осетие Ищхъэрэ - Аланиеи Тэрчым «еІэзэныр» 2021 гъэм щаублэнущ, «Экология» лъэпкъ проектым хиубыдэу. А жэрдэмыр УФ-м и Правительствэм хуатхагъэхэущ.

Фигу къыдогъэкІыж: Тэрч и кІыхьагъщ километр 623-рэ. Лейуэ утемыпсэлъыхьми хьунущ, а псым демыгугъуэмэ, дызытес къудамэр зэрыпльупщІыжым.

● Цыху цІэрыІуэхэр

КАРПОВ Анатолий:

Узэгуэзыгъэпын мащІэ?!

Дунейм шахматымкІэ и 12-нэ чемпионыр, шэч хэмылъу, куэд зыгъэунэхуа икІи куэдым хэзыщІыкІ цІыхущ. Иджыблагъэ «Аргументы и факты» газетым и журналистым щІэупсалъэм, Ауэ ВАДА-м кьышта унафэм и ужькІэ бгъэбыдэфыну спорт зэхуущытыкІэхэр щымыІэжьхэз хуэдэщ...

- Анатолий, «Къэрал зэхуаку спорт зэхуэныгыкІэхэр зэригъэбыдэм папщІэ» унэтІынигъэмкІэ Лъэпкъ спорт сэутэгъэр кьыпхуагъэсфэщащ. Ауэ ВАДА-м кьышта унафэм и ужькІэ бгъэбыдэфыну спорт зэхуущытыкІэхэр щымыІэжьхэз хуэдэщ...

- МОК-р, ВАДА-р кьыззэрытхущытыр зэІыхьащ, ауэ апхуэдэ щытыкІэм къикІыжкъым абы спортыр кьанэ щымыІэу кьызэщІиубдау. Шахматым абыхэм ещхь лъэпощхьэпохэр кьыщыхъуэрыкъым. ЖысІэпэнщи, сэ шахматым щыслухуэфІокІ нэгъуэщІ зыри зы Іэнатіэ зыщІапэмылъэщІыр. Карпов Анатолий и школхэр, Австралием кьыщынэмыщІауэ, континент псоми щолажьэ - Индонезием, Ираным, Аргентинэм, Бразилием, Чилим, США-м, нэгъуэщІхэми. Сэ зэхэзубла зэхьэзэхуэхэр, Урысейм и мызакъуэу, дуней псом щокІуэкІ.

- ВАДА-м и деж дгъэзэжынти...

- Дигу къэдгъэгъэкІыж допингым и бий бэнэныгъэр кьызэрежьа щыкІэр. 60 гъэхэм амфетаминэм илІыкІыу хуежьащ лъакъуэрыгъажьэкІэ кьызэдэхэхэр. Апхуэдэу щыхъуи, ягъэхьэзыращ узынщагъэм зэран хуэхъу таблеткэхэм я спискэр. Зэманыр кІэухукІэ абы нэхъри зиубгъурт. Ирагъэлей зэпытт: уеблэмэ, къагъэсэбэпу хуит ямыщІэжм хагъэхьащ зыкІи зэран мыхъу мельдонийр. ИтІанэ-щэ? Хуит ямыщІэжм хагъэхьэ хъунущ пхъэщхьэмыщхьэ стаканри, е ИлюмакІэмрэ и зэманым шахматым кьызэрыщигупсысаз уэ щытам хуэдэу, фадэрэ. Делагъэ дыдэщ! Спортсменхэм зэрабгъэдэхьэрэ зэтехуэркъым. Астмэ кьызэуэ норвег биатлонистхэр хуит ящІ допинг зрахьэлІэну. Ауэ зы хущхъуэ ткІуэпс уи пэм ибгъэткІуамэ, зэпеуэ уи кьызэрыкІэхьунущ, ди хъыджэбзым кьращІам хуэдэу.

Ауэ псом нэхърэ нэхъ тельыдэжр кІэлъыплъынигъэр спортым зыкІи пымыщІа Іэнатіэм и пщэ зэрыдалъхьарщ - мис а ВАДА-м. Спорт жылагъуэм апхуэдэ лъэбакъуэ щІичаи и щхьэусыгъуэр сэ кьызгурІуэркъым. ЗэрыщІэкІыну урысей спортсмен псоми жэуап щІахьи хуейр кьызэрыгурымыІуэми хуэдэу. Допингым и бий бэнэныгъэр кьаназ щымыІэу зы къэрал закъуэм кьыхуэгъэзауэ уогупсыс. Ямыдэ хущхъуэгъуэхэр сыт щыгъуи зрихьэлІэу зэрыщытымкІэ Армстронг зиумысыжа ижь, США-м. Іуэхур щыІэжагъэкІа? ЩІыпІэгъэкІаІэкъым. И щхьэусыгъуэри США-м ВАДА-м ахъшэ нэхъыбэ зэрыхуиутыпщар арауэ кьыщІэкІынщ.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, ВАДА-м и ІуэхущІафэхэм нэхъыбэу хэлъаГъуэр спортыркъым, атІэ политикэрщ. УнафэщІхэм, абыхэм МОК-м и Іэтащхьэхэри яхэту, ящыгъупщжауэ кьыщІэкІынущ спортым цІыхухэмрэ кьэралхэмрэ зэкъуэзыгъэувэ и къарум теухуауэ Кубертен жиІахэр. Ауэ ар кьыщцихьуар нобэкъым. Политикэр ялэу спортым хэпщІыкІ 1980 гъэм - Москва щекІуэкІа Джэгухэм спортсменхэр кьыщамыгъэкІуам щыгъуэ.

- Дэрэ жэуап еттыжащ: ди щІалэхэмрэ хьыджэбзхэмрэ Лос-Анджелес 1984 гъэм щекІуэкІа Олимпиадэм хэтакъым...

- Пэжщ, дэ диІащ спортымкІэ министр Грамовыр. Аращ псори кьэзыгупсысари, Горбачев гуІуари. Ар ди тхыдэм и спорт унафэщІ нэхъ мащІэнэщІэ дыдэу щытащ. Апхуэдэ кьохъу, областым кьыщыдэкІ газетым и редакторыр унафэщІыкІуэу кьыщыщІидзэхэм деж. Абы спортым куууэ «зэрыхищІыкІым» и зы щапхъэ кьэсхьынти. Пресс-конференцым Грамовым къащыгурІаІуэрт СССР-р Олимпиадэм щІэмыкІуэм и щхьэусыгъуэр: «Американхэр ди шынагъэншагъэмкІэ щэсапІэ иувэркъым». «ИкІи ди легкоатлет... - Грамовыр гупсысэри, и щхьэм япэу кьихьа унэщІр жиІащ: «Сальниковыр»! Абы, хэбгъэзыхьмэ, ищІэхъэрэтэкъым Сальниковым зэрымылегкоатлетыр, атІэ псым ес спортсмену зэрыщытыр. Дауи, кьызэхуэсахэр зэщІэдэхьэшхащ. Сэ я гугъу сщІыркъым анекдот хьуа и псальэхэм: «Сэ зиусхьэн Рейтер жэуап естынщ». НэгъуэщІу жыпІэмэ, щІэупщІащ Рейтер агентствэм и журналистыр, министрым агентствэмра абы и журналистымрэ зэхигъэгъуэщат. Мис апхуэдэ цІыхут ди спортсменхэр Олимпиадэм кІуэнрэ мыкІуэнрэ унафэ тезыщІыхьыр...

Арати, 1984 гъэм и ужькІэ хьэгъэщапъэхэр зэтеуэныІами, абыхэм кьыщІадзэжащ Урысеймрэ Къухьэпэмрэ зэхуэтклий щыхъэм. Ауэ жысІэнур зыщ: спорт къэрал нэхъ лъэщ дыдэхэм ящыщ зыр Олимп Джэгухэм хэтыным зэран хуэхъу МОК-м псом япэу лъэпощхьэпо зыхуищІыкІыр езырщ. Ар икІи удиныщхуэщ.

- Шахматым допинг щызэкІуэрэ? Уи псантэхуэхэм (нервхэм) сэбэп хуэхъу хущхъуэхэр щыІэ?

- Хьыбдэіэпыкъунущ зыІэтэбубдэжьфиныр. Партиер къэпхьэхуами пфІахьэхуами зыІэтебубдэжьфу ущытын хуейщ. Уи ахъыпІэ зыгъэлажьэ хущхъуэхэр щыІамэ, ахэр псом япэу къэзыгъэсэбэпынур спортсменхэрэтэкъым, атІэ политикхэрт. Ауэ дэ псори кьыщытщІэр политикыр и кьулыкъум текІа иужькІэщ. ИтІанэщ абы и бзэр кьыщитІатэр...

- Хэт сымэт кьулыкъушхуэ зыІыгъэм ящыщу шахмат нэхъыфІы джэгур?

- СыщыкІуэ зэхъым Лениныр шахматым зэрыхэзагъэу щытам икІи си гугъэкъым Сталиныр Ежоврэ зэдэджэгуауэ. Ауэ жысІэфынущ къэрал унафэщІхэм ящыщу мэжэр Кадар Яношу мыІейуэ джэгуу зэрыщытар. ФРГ-м и канцлер Шмидт хищІыкІышхуэ щыІэтэкъым, ауэ и щхьэгъубзэр Іэзэт. Кастрэ кІуэгъуэ телъыдмэхэр кьыгъуэтыфыт. Тито ардыдэр хужьІэ хъунут. Чаушеску шахмат джэгукІэм зыщІригъэсауэ щытащ... лъэхъуэщІ.

- ЖыІІэнщи, «Шахматыр - лъэхъуэщхэм» уи программэр гъэзэщІа хъурэ?

- Мы гъэм дгъэльэпІащ ар илъэс 20 зэрырикъур. Мы зэманым тутнакъэщ кудым шахматыр гупжьейхэр щыщІэкІ, зэпеуэхэр щокІуэкІ. Шахмат джэгухэм зэманыр ягъэкІуэ кьудейкъым, а джэгукІэм шыІэныгъэ кьыпхелъхьэ, уи гьэсэныгъэр кьеІэт.

Мыбдеж кьыщызгъэльэгъуэнщ псом япэу ди щапхъэр кьэзэщІар украинхэр зэрыдрар. СССР-м тутнакъэр щаІыгъа и щІыпІэ нэхъыщхьэр зэдэщІар Магаданкъым е Свердлов областыркъым, атІэ Харьковщ - ар зэуэ лъэхъуэщ 13-кІэ «къулейт». Украинэм иужькІэ ди программэм кьыхуихьащ Бразилиер. ИтІанэ сэ ар хуэзгъэпэгъауащ Иллинойс штатым и полицэм и унафэщІым - абы и кьэр си шахмат школым кьеІуалІэрт. ДызэрыщІыхуащ, дызэпсэлъащ, иужькІэ шерифым шахмат пхъэбгъу 200 кьахуищэхуащ Чикагэ и лъэхъуэщхэм. Мы программэр япхъуэтащ Швейцариием, Белоруссием, Чилим. ЯкІэлыькІуащ Инджылызыр, Италиер, Армениер. Сэ сыхэмытыхэу Іуэхур щызэфэкІи кьэхъуащ.

- Езы шахматым теухуауэ. Сыт хуэдэ спорт лІэужьыгъуэри зыгъэбжьыфІэр зэфІэкІышхуэ зыбгъэдэлъэр щызэпэщІэтым и деж, Арщхьэкіэ шахматым зэкІэ псори щызэпІэзэрыту: илъэсипщІ хъуэгъуэмыбы Карлсен Магнус кьыщыпэувыфын кьыкъуэкІыркъым.

- Псом нэхърэ нэхъ мыгъуагъэр, ди жагъуэ зэрыхъунщи, шахматыр зэрехузхарщ. Нэхъапэхэм щыгъуэ чемпионым лъэхъэнэщІэ кьигъэщІырт: псоми зэманыгъуэ телъыджэ яІащ - Стейниц, Ласкер, Капабланкэ, Алёхин... Ахэр зихуэдэ щымыІэхэт. Сэ щэч кьытесхьэркъым Карлсен и зэфІэкІым - ар чемпионщ, ауэ сыт апхуэдизу телъыджэу дэтлъагъур? Сэ си гугъэщ шахматистыр щІэныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэм куууэ хэзыщІыкІ цІыхуу цІыхун хуейуэ.

- Китайскэр щапъэщыну пІэрэ Карлсен? Уэ зэгуэр жьпІауэ щытащ ахэр льагапІэм нэсыпауэ.

- НэсакІэщ. Китайскэр цІыху телъыджащ: абыхэм совет шахматым и фІыпІэр кьащтащ, езыхэм яйхэри щІагъуэжащ. Абы, махуэ хэсэ шахмат джэгупІэщІэкэр кьыщызэІуах.

Зыгъэхьэзырар **УЭРДОКЪУЭ Женящ.**

● Альыдж-урым бэнэкІэ

Ди лъахэгъухэм я ехъулІэныгъэхэр

ЩІышылэм и 16-м къыщыщІэдзауэ махуиплІкІэ Новосибирск къалэм щекІуэкІащ альыдж-урым бэнэкІэмкІэ Урысей Федерацэм и чемпионат. Къэбэрдей-Балъкъэрым икІахэм абы хъарзынэу зыкъыщагъэльэгъуащ.

ДИ ЛЪАХЭГЪУХЭУ Кабалоев Виталийрэ Локьяев Жамболэтрэ зэхъэзэхуэм и япэ махуэм хуабжьу дагъэгуфІащ. Нэхъ псынщІэ дыдэхэм я деж абыхэм дыщэ медалыр щызыІэгъэхьащ.

Ялэу ар къыззэхъулІар нэгъабэ Европэм и чемпион хъуа Кабалоев Виталийщ. Килограмм 55-м нэс зи хьэльагъэм я зэпеуэм и кІэух зэІуцІэм ар щефІэкІащ Крымым и щІыхьэр зыхъумэ Сефершаев Эмин икІи ещанэу къэралым и чемпион хъуащ.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, и къуэшым и екъулІэныгъэм къыпищэфакъым дунейпсо классымкІэ спортым и мастер, Урысей Федерацэм куэдрэ и чемпион, Дунейм и кубокыр кьэзыхьа, Европей джэгухэм нэгъабэ щытекІуа Кабалоев Заур. Килограмм 67-м нэс зи хьэльагъэм я зэпеуэм и финал ныкъуэм ар кьыщыхэгъэщІащ Краснодар краймрэ икІа Абдуллаев Назир икІи кьыхуэхьар етхуанэ увыпІэращ.

Килограмм 60-м нэс зи хьэльагъэм я зэпеуэм Урысей Федерацэм и чемпион Красноярск щыхъуащ дунейпсо класс зиІэ спортым и мастер Локьяев Жамболэт. Финалым ар 7:0-у щефІэкІащ Мэкхуу икІа Петросян Артур. Балъкъэр щІалэм иджы етІуанэу къэралым и дыщэ медалыр зыІэрегъэхь.

Къэралпсо зэхъэзэхуэм куэдкІэ дыщыщыгугъат Къуэдзокъуэ Сосрыкъуэ. Килограмм 87-м нэс зи хьэльагъэм я деж абы хьэрхуэрагъу лъэпхъэр щиІэт, Олимп чемпион Чакветадзе Давит я пашэу. Горобец Дмитрийрэ Абубакиров Тимуррэ ефІэкІыу финалым и Іыхьэ пІанэм щынэсам, а гуГъэфІэр нэхъ быдэж хъуат. Арщхьэкіэ Маргарян Вааг Іэщ Іэкіэкъым икІи саугъэтынщэу кьэнащ. А хьэльагъэм дыкъыщидихьажащ Краснодар краймрэ и щІэкІэ банэ Сокъур Артур. Зэхъэзэхуэм абы ещанэ увыпІэр щиубыдащ, «финал цІыкІум» Ингушыем икІа Евлоев Магомед щыхэтащІэри.

Нэхъ хьэлъэ дыдэхэм, килограмм 130-м нэсхэм, я зэпеуэм адыгэ щІалиплІ хэтащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыхьэр зыхъумахэу Щхьэщэмыщ Рэмэзан, КІэмпІарэ Мурат, Шыбзыхъуэ Къантемыр сымэ пасэу кьыхагъащІэри, зэхъэзэхуэм кьыхахэкІащ.

Дунейпсо класс зиІэ спортым и мастер Аюб Алихъан етхуанэ увыпІэр иубыдащ Мэзкуу областым и щІэкІэ банэуэрэ, финалым и Іыхьэ пІанэм абы кьышцефІэкІащ зэхъэзэхуэм и дыжьын медалыр иужькІэ кьэзыхьа Гедехаури Зураби. Адэкіэ ещанэ увыпІэм щІэбэныну Іэмал иІами, бэнакІэ цІэрыІуэ Щур Виталий фІэкІыфакъым.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Сурэтым: **къэралым и чемпионатым къыщыхэжаныкІа ди лъахэгъухэр.**

Илъэсыщ Іэм - гъуэгущ Іэ

Кавказ Ищхъэрэм щаубзыху «Іуащхьэмахуэ и Іуэрыіуатэр» автомобиль турист лъагъуэщІэ.

2018 гъэм автототуризмэмкІэ лъэпкъпсо зэгухьэныгъэ кьызэрагъэпэща нэужьщ мы Іуэхум гъуэгу щигъуэтар. «Жэрдэмыр куэд щІауэ кьихьалъхьат. Ауэ Іуэхур пхыгъэкІынщ зэтезыІыгъэр зи автомобиль исыжу дунеяплІэ кьэзыкІухьэм папщІэ инфраструктурэ зэпэщ Кавказ Ищхъэрэм зэрыщыкьыІэрт. Ауэ Іуэхуитіэр дзэзыхьэхьи щІыпІэ дахэхэр ди гъунэжщ», - жеІэ Кавказ Ищхъэрэр федеральнэ щІыналъэм автотуризмэмкІэ и зэгухьэныгъэм и лІыкІуэ Байсиев Темыржан.

Къапщтэмэ, иджыпсту Іуащхьэмахуэ и Іэгъуэблагъэхэм транспорт гъэувыпІэхэр щымащІэщ. Абы кьыхэкІыу КИФБЩІ-м зэман кІыькІэ «чэруанакІуэхэм» зыщІэлъэ кІуэрхьэм. «Легенды Эльбруса» - лъагъуэщІэр яутІыпщмэ, щытыкІэм фІы и лъэныкъуэкІэ зихуэдэжынущ.

Мы Іуэхум и пкъ и ткІэ кемпинг-центр ин Кавказ Ищхъэрэм щахуэхуэну я мурадщ. Проектым хэтщ Къэбэрдей-Балъкъэрыр, Къэрэшей-Шэрджэсыр, Осетие Ищхъэрэ - Аланиер, Ставрополь крайр. Автомобиль гъуэгущІэр ухуэн зэрыхуейм екъэІа зэрызыхуагъазэ тхыгъэхэр Зэгухьэныгъэм и пащхьэ ирилъхьащ. Мы илъэсым и сертификатым екъэІа хуэІухуэщІэхэри зэфІэкІынущ. МаршрутыщІэм фІыуэ хэлъыр махуэ зыбжанэм кьуриубідэу туристхэм Кавказ Ищхъэрэм и зыплъыхьыпІэ щІыпІэ псори зрагъэльэгъуну зэрыхунэсынурщ.

Бжыгъэхэм я зэлъытыныгъэм кьызэрагъэльагъуэмкІэ, зи автомобилкІэ зыплъыхьакІуэ ежьэ туристхэр Европей къэралхэм и щыкъэщІу (20%), Урысеим нобжкІэ зы проценти кьыльысырыкъым.

ЖАНХЪУЭТ Зузэ.

● КъБР-м щыІэ МВД-м къет

Сом 8000 и уасэ фІадыгъуащ

Урысей МВД-м Май щІыналъэм щиІэ къудамэм 2020 гъэм щІышылэм и 14-м зыхуигъэзащ Май къалэм щыпсэу, илъэс 35-рэ зи ныбжь цІыхубзым.

АБЫ зэрыжиІамкІэ, а махуэм пщэдджыжьым къыщыщІэдзауэ сыхьэтиплкІэ унэм щІэсакъым. Къыщигъэзэжам гу лъитащ щхьэгъубжэм зыгуэр зэрыдэпщам. Бысымыр унэм щІыхьэжри къыхуташ унагъуэ Іэмэпсымэхэм ящыщ зэрыщІэкІуэдакІам, сом 8000 и уасэу.

Къудамэм и лэжьакІуэхэм шэч зыхуащІхэр яубзыхуащ. Ахэр нэхъапэми суд зытращІыхьауэ щыта, илъэс 47-рэ, 44-рэ зи ныбжьхэу Дзэлыкъуэ щІыналъэмрэ Налшык къалэрэ щІыпсэухэрщ. Шэч зыхуащІхэм къыкъуахащ ядыгъуэ техникэм и тхьилъэри.

Уголовнэ Іуэху къаІэтащ.

Зыгъэхьэзырар **УЭРДОКЪУЭ Женящ.**

Редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэ

Редколлегием хэтхэр:

ХьэфІыцІэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Къаншокъуэ Эллэ (жэуап зыхь секретарь), Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщІэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщІ Иэз.

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псальэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэжмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редакторэм нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхухэмкІэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Іуэхущ Іапі Іэхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; узышыгагъэ хъумэныкІэ экологиемкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хьыбарыщІэхэмкІэ - 42-22-88; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттхэм - 42-75-78.

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Джатокъуэ Марьяниз, *редактору* ЖЬэкІэмыхьу Маринэ, *корректорзу* Щоджэн Инэ *(1, 2, 6-нэ нап.),* Щоджэн Заирэ *(3, 4, 5-нэ нап.), корректорхэм я дэІэныкъуэгъу* Нэужьокъуэ Заирэ. *Компьютерхэм газетым и тепльэр ящІащ* Ныр Саидэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, *сурэтхэм елэжьар* Биту Жанизэ.

Номерыр «Адыгэ псальэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П5894 ● Тираж 2.001 ● Заказ №48

Тедзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху етІылькІэр зэтехуэ зэпыту щытыкъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынырэ и пщэ дэлъыр КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъуэгъазэм и 19-м Печатным и хутыныныгъэр хъумэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ Іапі Іэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ хъыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33 12+